Өзбекстан Республикасы  Халық Билимлендириў Ўәзирлиги

Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты

Саимбетов Шарапат Орақбаевич

Тема: САДЫҚ ШАЙЫРДЫҢ САТИРАЛЫҚ ШЕБЕРЛИГИ

Қәнигелик: 5А141302 «Қарақалпақ әдебияты»

Қарақалпақ әдебияты қәнигелиги  бойынша магистр академиялық дәрежесин алыў ушын жазылған

# Д и с с е р т а ц и я

Жумыс қарап шығылды
ҳәм қорғаўға жиберилди
Кафедра баслығы:
____________ф.и.к. Б.Давлетов

Илимий басшы:_____________ ф.и.д.проф. А.Пахратдинов

Нөкис-2010-жыл

**ЖАҚЛАЎҒА РУХСАТ БЕРИЛДИ.**

Факультет деканы : п.и.к. доц. У.Сейтжанова

Кафедра баслығы : ф.и.к. доц. Б.Давлетов

Илимий басшы : ф.и.д. проф. А.Пахратдинов

Саимбетов Шарапаттың «**САДЫҚ ШАЙЫРДЫҢ САТИРАЛЫҚ ШЕБЕРЛИГИ**» атамасындағы магистрлик диссертациясы бойынша

Мәмлекетлик аттестация комиссиясының қарары:

Саимбетов Шарапаттың магистрлик диссертация жумысына «_____» баҳасы қойылсын.

«_________» 2010-жыл

**МАК баслығы :**

**МАК ағзалары :**

# Жумыстың улыўма сыпатламасы

**Жумыстың актуаллығы.** Әдебияттаныў илиминде турмысымыздағы ҳәр қыйлы жағдайларды, жағымсыз, ерси қылықларды әшкаралаўшы жанрдың бири – сатира болып табылады. Онда адамлардың унамсыз ҳәрекетлери үстинен күлиў арқалы олардың образ ҳәм характер ашылады. Усы образ ҳәм характер арқалы жазыўшы сатирада сүўретленген қаҳарманлардың унамсыз қылықларының күнделикли жасаў шараятында турпайы екенлигин оқыўшыларға уқтырыў мақсетинде сол қаҳарманлардың турпайы ҳәрекетлерин әшкаралаў арқалы үстинен күледи ҳәм келешекте адамларда бундай ерси ҳәрекетлерди болдырмаўды нийет етеди. Усындай ҳәрекет шайыр С.Нурымбетовтың сатиралық қосықларында кең орын алады. Садық шайыр өзиниң сатиралық қосықларына жағымсыз, қолайсыз ҳәрекетлердиң жүз бериўине жол қойып атырған адамларды өткир күлкиге алып, оларды әшкаралаў проблемасын қояды.

Жумыстың актуальлығы, турмысымыздағы усындай жағымсыз ис-ҳәрекетлердиң шайыр тәрепинен жан-жақлама ашылып көрсетилиўинен ибарат. Сондай ақ, оның сатираларында тәлим-тәрбия өткир идеялық мазмунға ийе болып, қарақалпақ әдебиятында бундай сатиралық шығармаларды тереңнен изертлеў – жумыстың актуальлығын қурайды.

**Жумыстың мақсети ҳәм ўазыйпалары.** Жумыстың тийкарғы мақсети Садық шайырдың сатиралық шығармаларының идеялық, көркемлик тәреплерин ҳәр тәреплеме ашыў болып табылады. Ол ушын төмендеги ўазыйпаларды шешиў алға қойылды:

-Садық шайырдың сатиралық шеберлиги;

-Садық шайырдың сатиралық шығармаларында образ ҳәм характер;

-Садық шайырдың сатиралық шығармаларында көркем сүўретлеў қураллары;

-метафора;

-Теңеў;

-Метонимия ҳәм синекдоха;

-Садық шайырдың сатираларының классик шайырлардың сатиралары менен байланысы;

**Жумыстың методологиясы ҳәм усыллары.** Жумысты жазыўда Президентимиз И.А.Каримовтың тарийх, тил ҳәм әдебият, олардың халықтың руўхый-ағартыўшылық турмысы менен байланысы ҳаққындағы пикирлери билим тараўындағы қарар ҳәм көрсетпелери методологиялық тийкар ўазыйпасын өтеди.

Сондай ақ, жумыста белгили әдебиятшы илимпазлардың С.Ахметов, Ә.Пахратдинов, Ю.Пахратдинов, Қ.Жәримбетов, К.Мәмбетов, Қ.Оразымбетов, А.Пирназаров, Т.Мәмбетниязов, Д.Курбонов, И.Султан, Т.Бобоев Б.Томашевский, Л.И.Тимофеев, Г.Н.Поспелов ҳ.т.б. мийнетлери басшылыққа алынды. Жумыстағы келтирилген мысаллар С.Нурымбетов, Бердақ, Өтеш ҳәм Аббаз шайырлардың шығармаларынан алынды.

**Жумыстың илимий жаңалығы.** Жумыстың илимий жаңалығы сонда, Садық шайырдың лирикасындағы сатиралық қосықлар магистрлик диссертация жумысы ретинде биринши мәртебе орынланып отыр.

**Жумыстың илимий ҳәм әмелий әҳмийети.** Бул магистрлик жумыста Садық шайырдың сатиралық қосықлары ҳәр тәреплеме анализ етилди. Жумыс тийкарында алынған теориялық мағлыўматлардан мектеп муғаллимлери, излениўши илимпазлар ҳәм филология факультетлериниң студентлери ушын факультатив сабақ өтиўде пайдаланыў мүмкин.

**Жумыстың қурылысы.** Жумыс улыўма сыпатлама, кирисиў, үш бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

## Кирисиў

С.Нурымбетов ҳәзириги қарақалпақ әдебиятында бирнеше турмыс шынлығын реал сүўретлейтуғын қосық ҳәм поэмалалары, тымсаллық шығармалары менен оқыўшылар жәмәәтине кеңнен таныс болған халық шайырларының бири.

С.Нурымбетов 1900-жылы Кегейли районында туўылған. Ол ески мектепте саўатын ашады. Оның әдебиятқа, көркем шығармаларға қумарлығы жасынан ақ күшейип, 14-15 жасларынан баслап қосықлар дөретиўге ҳәрекетленеди. Садық шайыр қыз-жигитлердиң отырыспаларында қыссалар оқыйды. Әсиресе, оның шайыршылық талантының өсиўине аталас ағасы белгили қарақалпақ шайыры Сыдық Тоқпан улы көп жәрдемлеседи.

Садық шайырдың қәлемлес досты, заманласы белгили халық шайыры Аббаз шайыр болып, олардың шығармалары жоқары сапалы көркемлиги ҳәм ўақыттың ең зәрүрли сөзин таўып айтыў, йошлы қатарлары менен тек елимизде емес, ал көпшилик туўысқан республикаларда да белгили болды. Садық шайыр қарақалпақ поэзиясын өзиниң пафослы лирикасы, өткир юмор-сатиралық шығармалары ҳәм поэмалары менен байытты, әдебияттың алдына дәўир тәрепинен қойылып атырған ўазыйпаларды ислеўге ол биринширлерден болып үн қосты, жаңалықты кеңнен нәсиятлап поэзияны жәмийетимизге садық жәрдемши ете билди. Садық шайырдың дөретпелери лирикадан, юмор-сатира ҳәм поэма, дәстанлардан турады. Оның ири дөретпелеринен бири «Қаналаслар» дәстаны болып табылады. Бул дәстаны ушын Садық шайырға республикалық «Бердақ» атындағы сыйлық берилди. Ол 1971-жылы қайтыс болады.

Садық шайырдың дөретиўшилиги усы ўақытқа дейин Ә.Пақратдинов, Ю.Пақратдинов ҳ.т.б. илимпазлар тәрепинен изертленилди. Бирақ биз бул илимий жумысымызда сол илимпазларымыздың ҳәм басқа да әдебияттаныў илимин изертлеўшилериниң пикирлерине сүйене отырып, Садық шайыр дөретиўшилигиндеги, әсиресе, сатиралық шығармаларды дөретиўдеги шеберлик мәселесин изертлеў объектине алып, илимий жаңалықларды оның шығармаларынан бир неше мысаллар келтириў арқалы ашып бериўге урындық.

Садық шайыр қарақалпақ әдебиятына, өзинен кейинги әўладларына дәўир шынлығынан алып бир неше сатиралық шығармаларды инам етти. Оның сатиралық шығармалары өзиниң

көркемлик ҳәм сүўретлеўшилик усылы жағынан, ең алды менен халық поэзиясындағы әшкаралаўшылық, ирониялық бағыт пенен жақынласады. Ол қарақалпақ классик шайырлары Бердақ, Өтеш, Сыдық ҳ.т.б. шайырлардың дөретпелерин терең үйрениў ҳәм олардың жолын даўам еттириў менен өзиниң дөретпесиниң сатиралық бағытын белгиледи ҳәм жетистирди. Соның ушын да қарақалпақ халқы оны ең алды менен сатирик шайыр сыпатында жақсы биледи. Шайырдың сатиралық шығармаларын оқыў арқалы биз шайырдың турмыстағы жат қылықларды дәл таўып, оқыўшыны оннан жийрендиретуғынлығын, шайырдың ашшы, отлы күлкиге, юморға шебер шайыр екенлигин көремиз. Бул оның шайырлық мәдениятының ең бир сыпатлы белгиси болып табылады.

Сатира анық фактлерди сүўретлеўи ҳәм дурыс жуўмақ жасаўы менен әҳмийетли. Садық шайыр сатираны қандай темада қандай мазмунда жазыўды биледи, ўақыт ушын әҳмийетли мәселелердиң әтирапында қурады.

Садық шайырдың дөретиўшилигинде «Жаңаберген», «Ат саўдасындағы алдаўшыларға қарсы», «Шаңбай», «Жалқаўларға», «Порқанлар», «Баслық Нурымбет», «Ерманов ҳәм Ниязов», «Баслық Қурбанбайға», «Баслық Тәңирбергенге», «Шуғылларға», «Күш көликлерден арза», «Шалағай болмаң ҳәр иске», «Нөкис горхомхозының басшыларына» ҳ.т.б. сатиралық шығармалыры бар. Шайыр бул сатиралық шығармаларында гейпара жағымсыз типтеги адамларды, истиң көзин билмей, мәмлекетке, халыққа зыян тийгизиўшилерди, жәмийетлик ислерге көзсизлик пенен қараўшыларды өткир сатиралық сынға алады. Ол шығармаларының көркемлик өзгешеликлерин жасаўда қарақалпақ классик шайырларының идеялық ҳәм көркемлик традицияларынан да теңдей шебер пайдаланды.

## Садық шайырдың сатиралық шеберлиги.

Сатира - әдебияттаныў илиминде турмыстағы қолайсыз ис-ҳәрекетлерди ислейтуғын адамлардың жағымсыз ҳәрекетлери, ерси қылықларын әшкаралап үстинен күлиў жанры болып есапланатуғынлығы мәлим.

Ҳәзирги қарақалпақ әдебиятында И.Т. Сағитовтың «Бердақтың творчествосы», Ә.Пахратдиновтың «С. Нурымбетовтың творчестволық жолы», Ю. Пахратдиновтың «Ҳәзирги заман қарақалпақ прозосындағы сатира» ҳәм тағы басқа мийнетлерде сатира жанры ҳаққында пикирлер ҳәм сатиралық шығармаларды изертлеўлер бар.

Сатирада – тийкарынан адамлардың ерси қылықлары жағымсыз ҳәрекетлери үстинен күлиў арқалы олардың ҳәр қыйлы унамсыз келбетлери, характерлери ашылады. Усы ашылған унамсыз характерлер арқалы жазыўшы сатирада сүўретленген қаҳарманлардың ерси қылықларының күнделикли жасаў шараятында турпайы, қолайсыз екенлигин оқыўшыларға терең уқтырыў нийетинде сол қаҳарманлардың турпайы ҳәрекетлерин әшкаралаў арқалы үстинен күледи ҳәм келешекте адамларда бундай жағымсыз, қолайсыз, ерси қылықларды болдырмаўды өз сатирасында нийет етеди. Әлбетте, сатиралық шығармаларды оқыўшы ҳәр бир инсан жазыўшының нийетин, идеясын аңсат түсинип билип алады.

Усындай көплеген сатиралық шығармалары менен қарақалпақ әдебиятында қәлем тербеткен жазыўшылардың бири С.Нурымбетов болды.

С.Нурымбетов сатиралық шығармаларында қолайсыз, жағымсыз, ерси ҳәрекетлердиң жүз бериўине жол қойып атырған адамларды өткир күлкиге алып, бундай адамлардың кемшиликлерин жүзине айтыўды,туўры жолға шақырыўды миннетим деп билген ҳалда өз дөретиўшилик уқыбы, шеберлиги арқасында ис алып барды. Ҳақыйқатында да С. Нурымбетовтың «Баслық Қурбанбайға» деген сатиралық қосығын оқып отырып, аўыл-хожалық ислеринде айырым қәте кемшиликлерге жол қойып жүрген баслық Қурбанбайдың ҳәрекетлери, кемшиликлери бетине айтылып, сатираға алынғанлығын байқаймыз. Тийкарынан бул қосық екинши жер жүзлик урыс дәўиринде жазылған болып, урыста елим, ўатаным деп халқының тынышлығын ҳәм бахытлы турмыс кешириўлерин гөзлеп жанын пида етип жүрген ел азаматларына кийим-кеншек, азық-аўқат ҳәм басқада материаллық жәрдем бериўши аўыл хожалығы атап айтқанда аўыл-хожалығы баслықларының фронт дәўирлеринде өзлерине тийисли ўазыйпаларын билмей, билсе де орынламай жүргенлиги шайырға қатты батады.

Әлбетте, сол дәўирлердеги аўыл халқының урысқа кеткен уллары, ағайын туўысқанлары, дослары ушын тынбай, аянбай оларға аўыл-хожалық өнимлерин, буйымларын жетистириў арқалы жәрдем беремиз деп жүрген пайытлары, аўыл баслықларының арқайынлықта жүргенлиги ерси ҳалат еди. Бундай баслықлардың ҳәрекетлерине шайыр қатты налыйды, қыйналады. Усындай ерси ҳәрекетлерди жоқ қылыў ҳәм Қурбанбайдай адамларды туўры жолға салыў нийетинде, шайыр баслық Қурбанбайдың кемшиликлерин бетине айтыў арқалы үстинен күледи. Яғный, шайыр баслық Қурбанбайдың өз ўазыйпасына жеңил, арқайынлықта қарағанлығын, усы арқайынлықтың салдарынан пахта атызындағы жабайы шөплердиң оталмағанлығын , пахталардың жабайы шөплерден көринбей қалғанлығын терең налыныў менен жазады. Мәселен:

Ўазыйпа жумысқа салқын қараған,
Гей атызлар көринбейди сорадан,
Бир бөлек пахтаңыз шырмалған пәшек,
Ғыйқылдатып алқымынан ораған.

Сондай-ақ, шайыр пахтаны егип болғаннан кейин пахтаға өз ўақтында тәрбиясын бермей, оларды суўғармай, қарамағанлықтан, пахтаның сарғайып өспей қалғанлығына қатты қыйналады. Мәселен:

Көпшилиги шөллеп турған муңайып,
Тәрбиясыз өспей қалған сарғайып,
Көринбейди пахталарың атызда,
Егип болып қарамапсаң қыйсайып.

Тағы да, шайыр пахтаға қарамағанлықтан табыссыз қалғанлығын, фронт күнлери иске жарамай жүргенлигин Қурбанбайға қарата қайғырыўшылық сезим тийкарында айтады. Мәселен:

Бул сөзиме қулақ салың Қурбанбай,
Бос қалдың пахтаны егип қарамай,
Табыссыз қалдаўрап қалай жүргениң,
Фронт күнлеринде иске жарамай.

Сатирада шайыр тийкарынан Қурбанбайдың өз ўазыйпасына жеңил қарап қәте кемшиликлерге жол қойып атырғанлығына емес, ал усындай адамлардың себебинен халықтың қыйын аҳўалларға ушырап қалатуғынлығына, елдиң тынышлығының бузылатуғынлығына, фронттағы ер азаматлардың ҳәр қыйлы унамсыз ҳәдийселерге ушырап қалатуғынлығына жаны ашып атыр. Сол ушын да шайыр

дөретиўшилик шеберлиги, ойлаў қәбилетиниң тереңлиги тийкарында бул сатиралық қосығында Қурбанбайдың унамсыз характерин ашыў арқалы, өз исине жуўапкершилик пенен қарамайтуғын инсанларға тәсир етип атырғанлығын сеземиз.

Шайырдың «Баслық Тәңирбергенге» деп аталатуғын сатирасында да тийкарынан өз ўәдесинде тура алмай, исине немқурайдылық пенен қараўының нәтийжесинде дийдилеген мақсетине жете алмай қалатуғын баслық Тәңирберген өткир сатираға алынады. Бунда шайыр Тәңирбергенниң пахта планын толық орынлаймыз деген ўәдесин бергенлигин, бирақ бул ўәдеге тийкарланып жумыс алып бармай атырғанлығын, пахтаға өз ўақтында қарамай, жабайы шөплерден тазаламай, суўғарыў ҳәм басқа да тәрбиялық жумысларын ислемей атырғанлығын, Тәңирбергенниң қуры далаға мақтанып жүргенлигин, фронттағы қәдирданлардың жеңис ушын аянбай мийнет ислеп жүргенлеринде, өз аўылында жаўынгерлерге өз мийнети арқалы жәрдем қолын созыўдай әдиўли ўазыйпасын билмей, өз мәслигин ойлап жүрген Тәңирбергенниң ҳәрекетлерине кескин күлиў арқалы оның жағымсыз образ ҳәм характерлерин ашып береди. Мәселен:

Жақсы ғана ойланып көр,
Тез исиңниң жуўабын бер,
Ҳәр гектарға бермекшисиз,
Кеминде тоғыз центнер.

Отағың көп шигин, сора,
Күш бермейди алдын ора,
Ўақтында ғайрат етпесең,
Исиң қоржын баслық жора.

Зорға келип идараға,
Көлди бермей бирпараға,
Жүрипсеңғой Тәңирберген,
Мақтанып қуры далаға.

Фронтта жүр қәдирданлар,

Жеңис таўып қаҳарманлар,
Елде жүрип пахтаңызды,
Бежермепсиз туўысқанлар.

Сондай ақ, шайырдың «Жалқаўларға» деп аталатуғын сатирасында елимиздеги қосжақпаслар, жалқаўлар күлкиге алынады. Яғный, шайыр аз мийнет ислеп, көп ҳақы дәм етиўшилердиң үстинен күледи. Мәселен:

Арамызда қосжақпаслар еле бар,
Жәмийетлик иске болады ҳаяр,
Аванс ақшасын аларда таяр,
Бундай жалқаўларға зат бермеў керек.

Тийкарынан шайыр бул сатирасында пахта жыйын-терим мапазында пахтакешлердиң арасында ериншек, қосжақпаслардың барлығын қатты налыныў менен айтып, олардың ҳәр қыйлы жағымсыз характерлерин шеберлик пенен ашып, күлкили формада сатиралық усылда сүўретлейди. Яғный, ҳәр күни он-он бес кило пахта терип, кеште тынбай мийнет ислегендей шаршадым деп үйине баратуғын, азанда кеш турып атызға барып уйқысын аша алмай жүретуғын, пахтаны тазаламай, сортына айырып териўге еринетуғын, ақша аларда гөрқаў, жумыс ислерде жалқаў болатуғын, табельщиклерди алдайтуғын, исти шын кеўли менен ислемейтуғын адамлар сатиралық усыл менен қосықта баянланады. Мәселен:

Сәске ўақта турып атызға барар,
Уйқысын ашалмай жан-жаққа қарар,
Сортына айырмай пахтасын терер,
Бундай жалқаўларға жол бермеў керек

деген қатарларда азанда кеш турып, атызға барып, уйқысын ашалмай жүретуғын, пахтаны сортына айырмай теретуғын адамлар сатираға алынса,

Былғастырып терер қурғақ ҳәм жасын,
Ериншеклер тазаламас пахтасын,
Бул ислерди ҳәмме адам аңласын…

деген қатарларда пахтаны қурғақлығына жаслығына қарамай былғастырып теретуғын, терген пахталарын тазалаўға еринетуғын қосжақпас ериншеклер сатираға алынады. Ал, мына

Аванс аларда гөрқаў болады,
Жумысын қыларда жалқаў болады…

ҳәм тағы да

Табелшикти алдар қуры тил менен,
Жалқаўдың иси жоқ, мийнет күн менен,
Ислемейди исти шын кеўил менен…

деген қатарларда жумыс жақпайтуғын ериншеклер, қосжақпаслар, аз мийнет ислеп, көп ақша алыўға өш болғанларды ҳәм пахтаны шын кеўил менен термей, табельшикти пахтаны көп тердим деп алдайтуғын адамлар сатираға алынған. Бул қосықты оқыған ҳәр бир оқыўшы әлбетте, қосықта ашылған жалқаў ҳәм ериншеклердиң образларынан жеркенип, олардың ҳәрекетлерин өзинде болдырмаўға, ана-ўатанымызға, елимизге, пидайы, ҳадал хызмет етиўге рууҳланатуғынлығы тәбийий ҳалат. Шайырдыңда сатирада айтпақшы болған ой-пикири, идеясы сол болғанлықтан, шайыр сол идеяны сатиралық планда шеберлик пенен аша алған.

Тағы да, шайырдың «Порқанлар» деп аталатуғын сатиралық қосығын оқып, биз порқанлардың ерси ҳәрекетлери менен күлкиге айланғанлығын сеземиз.

Порқанлар – тийкарынан зикир салып аўырыўды емлейтуғын адамлар. С.Нурымбетовтың бул поэзиясында алдаўшылық жолы менен елдеги адамлардан пулларын алып ямаса малларын алып, сойдырып ишип-жеп, барқулла халыққа қыянет ислеў арқалы ўақты хошлық етип жүрген, жалғаннан шәрият жолын тутқан адамлар өткир сатираға алынады. Шайыр бул сатирасында бундай жеркенишли ҳәрекетлерди ислеп жүрген порқанлардың шәрият жолын тутып, ол жолды бузып, өз нәпси ушын адамларға туўры жол айтпай, ҳәр қыйлы өтирик сөзлерди айтып алдаў арқалы халықты бүлдирип жүрген порқанлардың жағымсыз ҳәрекетлери арқалы унамсыз образларын реал анық бере алған. Мәселен:

«Биссимиллә» сөз әўелин баслаған,
Китап ашып жалған қорра таслаған,
Көширме деп мал семизин услаған,
Халықларды көп алдаған порқанлар.

Жин шақырып аўзына от толтырып,
Мийнеткеш халықты сөйтип бүлдирип,

Түйедей бурқырап үйди сындырып,
Жүрген жерин қарап еткен порқанлар.

Улыўма жуўмақластырып айтқанымызда, С.Нурымбетовтың сатиралары тәлим-тәрбиялық ҳәм өткир идеялық мазмунға бай болып, қарақалпақ әдебиятында бундай сатиралық шығармаларды тереңнен изертлеў әдебияттаныў илими ушын үлкен әҳмийетке ийе, деп есаплаймыз.

**Садық шайырдың сатиралық шығармаларында образ ҳәм характерлерди жасаўдағы шеберлиги.**

Сатиралық шығармаларда тийкарынан жәмийетлик өмирдиң ямаса жеке адамның кемшилиги қатты сынаў арқалы әшкараланыпсүўретленеди. Бул көркем әдебияттың барлық түринде де ушыраса береди. «Сатира жай сынаў ямаса адамның кемшилигин масқаралаў емес, ал қайнаған ғәзептиң пәтли энергиясы, меҳрибанлық ғәзептиң гүлдирмамасы шақмақ оты болыўы керек. Оның тийкарында қуўанышлы ҳәм әпиўайы сезим жатпастан, ең терең юмор жаты керек» (Белинский).

Сатираның шығармаларда турмыстың қараңғы унамсыз тәреплери болады да, автор оларды сапластырыў ушын оны күшейтип көрсетеди. Нәтийжеде сатирада унамсыз образ ҳәм характерлер жаратылады.

Сатира жәмийетте терең тәрбиялаўшылық характерге ийе болып келеди. Сатира менменликке берилип, дурыс жолдан адасыўшылыққа өшпенлик пенен гүреседи, оларды дүзетиўге умтылады.

Унамлы ҳәм унамсыз персонаж, қаҳарманлардың образ ҳәм характерлерин ашыўда Садық шайыр үлкен шеберлик көрсетти. Садық шайыр жасаған унамсыз персонаж ҳәм қаҳарманлар қатарына Жаңаберген, Шаңбай, Ерманов ҳәм Ниязов, Баслық Қурбанбай, Тәңирберген, Сапарбай, зам директор Пәтлимурат, Камал аға, Порханлар ҳәм Шуғыллар киреди.

Шайыр «Жаңаберген» қосығында алды-артын серлемейтуғын, қараңғыда ҳеш нәрсени көрмей, қарақшыдай үйге киретуғын, жасы үлкен болыўына қарамастан пасақ сөзге қалып өзиниң абырайын төгип, өзин-өзи бүлдирип, ҳалын билмей жүретуғын, сыйласықты билмейтуғын Жаңабергенниң барлық жағымсыз, қолайсыз ис-ҳәрекетлерин, қылықларын тәрийплеп, ҳәр қыйлы сүўретлеў усыллары арқалы оны нарға, ақмаққа, малға теңеп, салыстырып, оның унамсыз образ ҳәм характерин ашқан.

Ал, шайырдың «Шаңбай» қосығында үй ишиниң берекетин, ықмуатын қашырған, көп таўығын үйиниң ишине қурық бастыратуғын, тазы ийтлерин төрге араластыратуғын, бәрҳә жаман етип үйдиң ишин постыратуғын, үстиндеги кийиминиң кирин тазаламай, пасмандалық

әдетлерди бойына сиңирген Шаңбайдың жағымсыз образы шайырдың шеберлиги арқасында тәсирлендириўшилик сезим тийкарында ашылады.

Сондай-ақ «Ерманов ҳәм Ниязов» қосығында шайыр жерди суўғаратуғын насостың бузылғанлығынан оны оңлаўға урынған бирақ иси келиспей оңлай алмай, насосты оңлайтуғын пулды қуры далаға саўып күл қылған, нәтийжеде атыздағы егинлердиң суўғарылмай барлығының солып қалыўы, мәзи гүўлеп жүрген, көп кемшиликке жол қойған, иске салақ болған, суўғардың деп жалған сөйлеген Ерманов ҳәм Ниязовлардың ерси, жағымсыз, қолайсыз қылықларын сүўретлеген, ҳәм олардағы усындай жағымсыз ҳәрекетлери арқалы Ерманов ҳәм Ниязовлардың унамсыз образ ҳәм характерлерин ашқан.

Ал, «Баслық Қурбанбай», «Баслық Тәңирберген» қосықларында тийкарынан өз ўазыйпасына, жумысқа салқын қараған, еккен пахтасына ўақтында тәрбиясын бермей, пахта атазын жабайы шөплерден тазаламай, атызды суўғармай исине салқын қарап жүрген Баслық Қурбанбайдың ҳәм халыққа ўәде берип өз сөзин орынламай жүрген Баслық Тәңирбергенниң ерси қылықлары сатираға алынған. Бул жерде баслық Тәңирбергенниңде елимиздиң ырысқы несийбеси байлығы болған пахта егисине, тәрбиясына немқурайлы қараўлары, оның пахтаға қарамағанлығы себепли атызда жабайы шөплердиң көбейиўи, атыздағы кесеклердиң өзилмей аттың басындай ҳалатталығы, усылардың салдарынан пахтаның толық өспей раўажланбай қалғанлығы, усындай кемшиликлерге қарамастан Тәңирбергенниң пахта планын толық орынлаймыз деп қуры далаға ўәдени берип жүргенлиги шайыр тәрепинен өткир сынға алынады. Мәселен:

Жылдан-жылға төменледи табысың,
Келмейме Қурбанбай ары-намысың,
Биз көргенде мүшелериң пахтада,
Орып жүрди Адам бойы қамысын.

?азыйпа жумысқа салқын қараған,
Гей атызлар көринбейди сорадан,
Бир бөлек пахтаңыз шырмалған пәшек,

"ыйқылдатып алқымынан ораған.

Көпшилиги шөллеп турған муңайып,
Тәрбиясыз өспей қалған сарғайып,
Көринбейди пахталарың атызда,
Егип болып қарамапсаң қыйсайып.   (Баслық Қурбанбайға)

Тәңирберген ўәдең қайда,
Қол қойдыңыз қурылтайда,
Сапасы жоқ ислериңди,
Тексерип көрдик қалайда.

Пахтаңыз таздың шашындай,
Кесеклер аттың басындай…

Адам қусап қарық жарған,
Сонда да жалпы суўғарған,
Делегатлар көрген ўақта,
Өзлери де ҳайран болған.

Отағы көп Шигин, сора,
Күш бермейди алдын ора,
?ақтында ғайрат етпесең,
Исиң қоржын баслық жора.   (Баслық Тәңирбергенге).

Шайыр усылайынша Қурбанбай менен Тәңирбергенниң ерси, жағымсыз ҳәрекетлерин қылықларын қосықта сүўретлеў арқалы олардың унамсыз көриниске ийе болған сатиралық образ ҳәм характерлерин көркем анық реал ашып бериўге ериседи.

Усы биз анализлеп атырған қаҳарманлардың образларында шайыр тәрепинен көрсетилген жаман қәсийетлердиң ҳәммеси де жоқары лаўазымлы инсанларға тән жоқарыда айтылған қәсийет, ҳәрекетлерди бир шығарманың қаҳарманының образын сүўретлеўде көрсетпей, бир неше шығармалардың қаҳарманларының образларын жасаўда, биринде көрсетилмеген жаман қәсийетлерди екинши, үшинши шығармалардағы қаҳарманлардың образларында көрсетиўге тырысқан. Бул жоқары лаўазымлы инсанлардың ис-ҳәрекетлеринде, минез-қулқында, психологиясында бундай халыққа жат, жаман қәсийетлердиң ушырасыўының тәбийғыйлығына оқыўшы қәўимди исендириў ушын қолланылған шайырдың шеберлик усылы.

Ал шайырдың «Порханлар» сатиралық қосығында, «Биссимилләә» деп сөзин баслаған, ийшан менен молладан тәлим алған, бәрҳә халықты алдап, жаман көрсетпелерди беретуғын, Көширме деп алдап емлениўге келген адамлардың мал жанлықларын алып сойдыратуғын, сулыў ҳаялларды көрсе жутынып, күйеў балаға көрсетпей, ул беремен деп қораға жетелейтуғын, усылайынша журтты бузып жүрген, мийнеткеш халықты бүлдирип атырған, әрўақтың жолы деп адамлардан көп пулларын алатуғын, зикир салып адам емлейтуғын порханлардың жағымсыз, қолайсыз ис-ҳәрекетлери, қылықлары сүўретленеди. Мәселен:

«Биссимилләә» деп сөз әўелин баслаған,
Китап ашып жалған қорра таслаған,
Көширме деп мал семизин услаған,
Халықларды көп алдаған порханлар.

Көширме деп алып кеткен далаға,
Ҳаялын көрсетпей күйеў балаға,
Ул бердим деп жетеклеген қораға,
Жалғаншылық етип жүрген порханлар.

Жин шақырып аўзына от толтырып,
Мийнеткеш халықты сөйтип бүлдирип,

Түйедей буркырап үйди сындырып,
Жүрген жерин қарап еткен порханлар.

Усылайынша шайыр порханлардың ҳәрекетлерин, қылықларын өткир ғәзеплениўшилик пенен сүўретлеў арқалы оларды жағымсыз затларға теңеў, салыстырыў тийкарында олардың жеркенишли унамсыз көринислерге ийе болған образ ҳәм характерлерин шеберлик пенен жаратады.

Тағы да, шайыр «Шуғылларға» қосығында шуғыллардың өзин дос сыпатында көрсетип этирапындағы инсанларға жаманлық, жалахорлық, душпанлық ислейтуғынларын, оларға гәп айтсаң сол гәпиңди досларыңа басқаша жеткерип, ортада урысты, даў-жәнжеллерди шығаратуғынлығы, усылайынша адамларды бир-бирине қарсы қоятуғынлығы ҳәм басқа да қолайсыз, жағымсыз тәреплерин сүўретлеп, шуғыллардың психологиясын, сыпат-белгилерин ашып, олардың унамсыз көриниске ийе болған образ ҳәм характерлерин жаратады ҳәм қосыққа шуғыллар ҳаққында жағымсыз сезимлерди шеберлик пенен ендиреди. Мәселен:

Бир сөзиңди екеў етип жеткерер,
Дослар арасына сөйтп от берер,
Ким пайдалы болса соған көп келер,
Тоймас көз қумары бардур шуғылдың.

Биреў иси менен көринсе көзге,
Бас қосып жаманлап шығармас жүзеге,
Оның ҳеш жақсылық иси жоқ өзге,
Жалахорлық жағы бардур шуғылдың.

Изин ойламастан сыртыңнан сатар,
Сөйтип жәбир көрсең қызыққа батар,
Наҳақтан жандырып бәлеге шатар,
Домалақ арзасы бардур шуғылдың.

Солай етип, Садық шайыр сатиралық шығармалырында образ ҳәм характерлерди жасағанда сүўретлеген ҳәр бир қаҳәрманларының ис-ҳәрекетлериндеги, характериндеги өзгешеликлерди онда да биринде көрсетилмегенлерди екинши, үшинши образларда көрсетип, ҳәр қыйлы шеберлик усыллары арқалы жетистирип бере билген.

**Садық шайырдың сатиралық шығармаларында теңеўлерди қолланыў шеберлиги.**

Жазыўшы шайырларымыз өз шығармаларының мазмунын, эмоциональ-экспрессивлик тәсиршеңлигин күшейтиўде, сөзлерди ширели, көркем тәсирли етип қолланыўда, шығармадағы ҳәр түрли образ ҳәм характерлерди ашыў арқалы шығарманың идеялық бағытын тереңлестириўде көркем сүўретлеў қуралларын актив қолланады.

Әдебияттаныў илиминде көркем сүўретлеў қуралларының бир неше түрлери бар. Әсиресе, бул сүўретлеў қуралларының ишинде бир-бирине уқсас, жақын туратуғынлары метафора, метонимия, синекдоха, гипербола ҳәм теңеўлер болып есапланады. Бирақ, булар өз белгилерине, шығармада сүўретлениўине қарай өзгешеленеди. Метафорада – шығармадағы ўақыялар, қаҳарманлар, затлар менен қубылыслар басқа затларға салыстырылса, Гиперболада – ўақыя-ҳәдийселер ҳәдден зыят улғайтылып сүўретленеди. Метонимияда – затлар менен қубылыслар өз-ара уқсас болған екинши атама менен аўыстырылып аталса, Синекдохаларда – шығармада пүтинниң орнына бөлшек, көпликтиң орнына бирлик ямаса булар керисинше де сүўретленеди. Ал, теңеўлерде болса, ўақыя-ҳәдийселер, қаҳарманлар ҳәм затлар менен қубылыслар шығармадағы образлылық пенен тәсирлиликти күшейтиў ушын өз-ара уқсас болған басқа затларға теңеледи. Бул ҳаққында Т.Бобоев та өзиниң «Адабийотшуносликка кириш» курси бўйича ўқув-методик қўлланма («Ўқитувчи» нашрийоти Тошкент 1979-й.) атамасындағы китабында «Ўқшатиш (теңеў) – нәрсе, ҳәдийсе яки түсиниклерди мәлим улыўмалық ҳәм уқсаслыққа ийе болған басқа нәрсе, ҳәдийсе түсиник пенен теңеў»[1]- деп көрсетсе, К.Мәмбетов «Әдебият теориясы» (Нөкис «Билим» баспасы ә99ө-ж.) мийнетинде «Теңеў – бир зат пенен екинши бир затты салыстырмалы сүўретлеў. Образды күшейтиў ушын басқа бир тәсирлирек затқа теңеў. Яғный, оның сыпатлық белгисин әбден жанландырыў[2]« - деп пикиримизди тастыйықлаўшы түсиниклерди билдирген.

Көркем шығармаларда қаҳарманлардың образ ҳәм характерлерин ашыўда, ўақыяларды көркем анық реал тәрийплеўде, түрли муқамларға дөнип туратуғын пейзажлық сыпатқа ийе болған тәбият қубылысларын шығармадағы ўақыяларға ҳәм ҳәрекетке тығыз байланыстырып

---

[1]Бобоев.Т. «Адабиётшуносликка кириш» курси бўйича ўқув-методик қўлланма «Ўқитувчи» нашриёти Тошкент 1979-й. 152-бет.
[2]Мәмбетов.К. «Әдебият теориясы» «Билим» баспасы Нөкис 1995-ж. 116-бет.

сүўретлеўде көркем теңеўлер жедел қолланылады. Илимпаз, ф.и.д проф. Қ.Оразымбетовтың «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» (Нөкис «Билим» баспасы 2004-ж.) атлы мийнетинде «Лирикалық шығарманы оқыр екенбиз, биринши гезекте оның формасын қабыллаймыз. Себеби лирикалық шығарма егер қосық формасында дөретилген болса ол, әлбетте, белгили уйқас, ырғақ, сеслик қайталаўлар, олардың үнлесиўлери, көркемлеў құраллары, усыллары, бәнтлик формалары арқалы жүзеге келеди ҳәм олар бирден көзге тасланады. Бирақ, бул форма белгили бир мақсетке бағдарланған ҳалда пайда болады. Ол шайыр ойын, қыялын әмелге асырыў хызметин атқарады. Демек, шайыр ойы усы форма арқалы әмелге асырылса, оннан шығарманың мазмуны пайда болады. Солай екен, мазмун да, форма да өз алдына өмир сүрместен бир-бири менен тығыз байланысқа түседи. Форма мазмунды жарыққа шығарыў ушын хызмет етеди. Сонлықтан да, биринши шығарманың формасын қабыллаў арқалы оның мазмунын түсинемиз[3]« - деп айтқанындай жазыўшылар поэзиялық шығармаларында қолланған көркем сүўретлеў қуралларын, соның ишинде шығармада тийкарғы объектке теңелиўши зат ҳәм предметлерди, ҳәр қыйлы қубылысларды яғный, теңеўлерди өз ой елегинде терең синтезлеп, анализлеп шығарманың формасын байытыў менен бирге, оны мазмунға тығыз байланыстырыў арқалы шығарманың идеялық бағытын кең ҳәм оғада көркем тәсирли етип жаратыў мақсетинде таңлап алады.

Теңеўлердиң тил илиминдеги -//дай//-//дей//-//тай//-//тей//-//ша//-//ше//- аффикслери ҳәм секилли, сыяқлы, тақылетте, тәризли, усап, киби, яңлы көмекши сөзлериниң дизбеклесиўи арқалы пайда болатуғынлығы ҳәммеге мәлим. Садық шайыр да, сатиралық шығармаларында сол аффикслерди сөзлерге жалғаў арқалы ҳәр қыйлы мазмунға ийе болған көркем теңеўлерди жаратқан. Мәселен: шайырдың «Порханлар» қосығындағы төмендеги қатарларға нәзер салайық:

Халықты алдап өтириктен алымлар,
Надалықтан пайдаланған залымлар,
Бундай сумрайлардан аман болыңлар,

---

[3]Оразымбетов.Қ. «Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы» «Билим» баспасы Нөкис 2004-ж. 25-26-бет.

Айдархадай аўзын ашқан порханлар[4]

Қосықта тийкарынан порханлар ҳаққында гәп етиледи.

Порханлар –зикир салып аўырыўды емлейтуғын адамлар. Шайыр бул поэзиясында «Бисмиллә» деп сөзди баслап, халықты алдап, өтирик-өсеклерди айтып, өзлериниң нәпси ушын жалғаннан шәрият жолын тутқан, наданлықтан пайдаланып, ҳийле жолы менен адамларды жыйнап, олардан ҳәр қыйлы жалған сөзлерди, көрсетпелерди бериў арқалы көп пулларын, мал-жанлықларын алып, жин шақырып, аўзына от толтырып, бурқырап, халықты, үйди бүлдирип жүрген, барған жерин қарап етип, бузып халықты теспей сорыған, емлениўге келген сулыў ҳаялларды көрсе, мудамы жутынып, көширме деп алдап, күйеў балаға ҳаялын көрсетпей басқа жаққа алып кетип, ул бердим деп жалған сөйлеген порханларды өткир қаҳәрлениўшилик пенен сатираға алып жырлайды. Шайырдың бул қосығындағы «Айдарҳадай аўзын ашқан порханлар» қатарында «Айдарҳадай» сөзи, әдебияттаныў илиминдеги көркем сүўретлеў қуралларының бири теңеўлик сыпатқа ийе болған сөз болып табылады. Бул сөздиң теңеўлик сыптқа ийе болыўының ҳәм порханларды шайырдың айдарҳаларға теңеў себеплерин излестирип көрейик. Аййдарҳалар негизинен қорқынышлы ҳәм жаманлық символы. Айдарҳа (грек тилиндеги «дракон, змей»)[5] сөзинен алынған. Олар , «Әпсана –ертеклерде ушырасатуғын үлкен айбатлы, жабайы, қорқыныншлы, қәўипли, әжептәўир жылан мәнисинде қолланылады»[6]. Орыс жылнамаларына ҳәм интернет мағлыўматларына қарағанымызда Айдарҳалардың алтынды жақтыратуғынлығын, урлықшылық ҳәм басып алыўшылық, қорқытып үркитиўшилик оның тийкарғы кәсиби екенлигин, олардың адамларды әсиресе, жас қызларды жегенди жақсы көретуғынлықлары ҳаққындағы мағлыўматларды оқыймыз. Ал, порханлардың сыпатлмасын жоқарыда айтып өттик. Енди порханлар менен айдарҳаларды салыстырсақ, порханлардың адамларға ҳәр қыйлы жалған мағлыўматларды берип, олардың пуллары ҳәм малларын алыўлары, халықты үйди бүлдириўлери, айдарҳаның алтынды жақтырыўшылық, басып алыўшылық ҳәм қорқытып –үркитиўшилик кәсибине туўра келсе,

[4] Нурымбетов С. «Шығармалары» I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспасы Нөкис 1960-ж. 54-бет
[5] «Словарь иностранных слов» 18-е издание стереотипное Москва «Русский язык» 1989-г стр. 179.
[6] «Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги» I том «Крақалпақстан» баспасы Нөкис 1982-ж. 40-41 бет

порханлардың сулыў ҳаялларға қызығыўшылығы, оларды ҳәр түрли жоллар менен алдаўлары, айдарҳаның адамларды, әсиресе жас қызларды жегенди жақсы көретуғынлығына тиккелей жақын болып тур. Демек, қосықта порханлардың қылықлары, ҳәрекетлери, айдарҳалардың ҳәрекетлерине оғада уқсас болғанлығы ушын да шайыр тәрепинен олар айдарҳаларға жүдә дурыс теңелип, порханлар менен айдарҳалардың бир –бирине жақын болған унамсыз, қорқынышлы сыпатқа ийе болған образ ҳәм характерлери, шайырдың ой елегинде терең синтезленип, сатиралық бағытта реал көркем анық ашып берилген. Әлбетте, бул жерде шайырдың фантазиясының тереңлиги, фольклорлық сүўретлеў усылларын қолланыў шеберлиги, образ ҳәм характерлерди бир-бири менен байланыстырыў уқыплылығы ҳәм айдарҳалар ҳаққында терең түсинигиниң барлығы, пүткил дүнья халықларының әдебиятындағы миф ҳәм әпсаналарды жетик билетуғынлығы айқын сезиледи.

Сондай –ақ,

Қараңғыда көрмегениң,
Алды-артыңды серлемедиң,
Қарақшыдай үйге кирип,
Жулып шықтың ергенегин[7] -деген қатарларын алып қарайық. Булар тийкарынан Садық шайырдың «Жаңаберген» қосығында сәўлеленген. Қосықта сатиралық бағытта Жаңабергенниң жағымсыз, ерси ис—ҳәрекетлери сүўретленеди. Яғный, Жаңабергенниң қараңғыда, ҳеш нәрсени көре алмайтуғын ҳалаттағы түнниң ярымында, алды артын серлемей үйге кирип, үйди, шаңарақты тынышсызландырып, бүлдиргенлиги, жасы үлкен болыўына қарамастан өзиниң ҳәрекетлерине қысынбай, ҳалын билмей, насақ сөзге қалғанлығы шайыр тәрепинен өткир сатираға алынған. Шайыр түн ярымында үйге кирип, шаңарақты бундай аўҳалға ушыратқан Жаңабергенди қосықтың «қарақшыдай үйге кирип» қатарында қарақшыға теңейди. Себеби, биз «қарақшы» сөзине нәзер аўдарсақ, қарақшылардың бүлдириўшилик, қопарыўшылық, урлықшылық пенен шуғылланыўшы улыўма жаман қәсийетлерди бойына сиңирген адамлар екенлигин сеземиз. Усындай қарақшылар ғана бир үйди, шаңарақты қала берсе пүткил жәмийетти бүлгиншиликке гириптар ететуғынлығы

[7] Нурымбетов С. «Шығармалары» I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспасы Нөкис 1960-ж. 19- бет.

ҳәммемизге белгили. Шайыр Жаңабергенниң түнниң ярымында үйге кирип, шаңарақты бүлдиргенлигине қатты ғәзепленгенликтен оны сол қарақшыларға теңеп, сатиралық усылда оның жағымсыз образын айқын ашып береди. Тағы да, шайыр қосықтың ақырғы қатарларында қолайсыз ҳәрекетлерине қысынбай, ҳалын билмей халық арасында ҳәр түрли өсек гәплерге ушырап, ақсақал болыўына қарамай, өзиниң абройын төгип жүрген Жаңабергенди «ақмаққа» теңеў арқалы Жаңабергенниң ерси қылықларын өткир басқыға алыўы менен қосықты оқыған ҳәр бир адамды ойландырарлық сыпатларды оғада тәсирли етип шебер сәўлелендирген. Мәселен:

Қайтпайтуғын «нар» екенсең,
Бир ақмақша бар екенсең,
Сыйласықты билмейтуғын,
Сен де жүрген мал екенсең[8].

Шайырдың бул сатиралық қосығында қолланылған «қарақшыдай» ҳәм «ақмақша» теңеўлери тил билиминдеги –дай, -ша аффикслериниң жалғаныўы нәтийжесинде пайда болған. Яғный, шайыр «қарақшы» сөзине –дай- аффиксин «ақмақ» сөзине –ша- аффиксин қосыў арқалы Жаңабергенди қарақшыға ҳәм ақмаққа теңеп, өзиниң сатиралық шеберлиги, уқыбы арқасында Жаңабергенниң қолайсыз, ерси характерин қосықта сәўлелендирген.

Сондай-ақ, Садық шайырдың «Баслық Тәңирбергенге» қосығындағы

Пахтаңыз таздың шашындай,
Кесеклер аттың басындай[9]…

қатрларын алып қарайық. Бул қосықта тийкарынан баслық Тәңирбергенниң ис-жүзиндеги кемшиликлери сүўретленген. Яғный, биз «Устаз жолы» атамасындағы №29 (522) санлы 12-июль 2008-жылы шыққан газетадағы «Садық шайырдың сатиралық шеберлиги» атлы мақаламызда айтқанымыздай, пахта планын толық орынлаймыз деп халыққа ўәде берип немқурайдылық пенен қараўының нәтийжесинде Тәңирбергенниң өз ўәдесин орынлай алмайтуғынлығы, оның ўәдеге тийкарланып жумыс алып бармай, пахтаға өз ўақтында

[8] Нурымбетов С. «Шығармалары» I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспасы Нөкис 1960-ж. 19- бет.
[9] Нурымбетов С. «Шығармалары» I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспасы Нөкис 1960-ж. 125- бет.

қарамай, суўғарыў ҳәм басқа да тәрбиялық жумысларын ислемей атырғанлығын, фронттағы жаўынгерлерге аўылда өз мийнети арқалы жәрдем қолын созыў қусаған әдиўли ўазыйпасын билмей, өз мәслигин ойлап жүретуғынлығы шайыр тәрепинен налыныўшылық пенен сатираға алынады. Әлбетте, биз бурын айтылған пикирлерге қайта тоқтамақшы емеспиз, бул жумысымызда жоқарыда көрсетилген қосықтың еки қатарында ушырасқан көркем теңеўлерге Тәңирбергенниң сыпатламасын еске түсириў арқалы нәзер салып оны таллаўға умтыламыз. Сол қатарлардағы «таздың шашындай» ҳәм «аттың басындай» сөзлери теңеўлик көриниске ийе болған көркем сүўретлениўлер болып табылады. Шайыр өз ўазыйпасына жуўапкершиликти сезинбей жеңил қарап, жумысына кеўил бөлмей, исин үстиртин орынлап жүрген Тәңирбергенниң халықтың ырысқы-несийбеси, алтын ғәзийнеси есапланатуғын пахтаға, оның тәрбиясына, усы пахта өсип жетилисетуғын жерге ўақтында керекли дәрис төгинлерди бермей, жерди суўғармай жүргенлиги себебинен атыздағы толық өспей қалған пахталарды таздың шашына, ал, жердеги кесеклерди аттың басына теңеп сүўретлеген ҳәм қосықта усы теңеўлерди қолланыў арқалы Тәңирбергенниң жағымсыз, унамсыз бояўға ийе болған образ ҳәм характерлерин көркем анық ашып берген. Демек, бул теңеўлерге биз шуқырырақ нәзер тасласақ, олардың шығармадағы қаҳарманның ҳәр түрли сыпат-белгилерин ашып бериўшы теңеўлик деталь хызметин атқарып турғанлығын сеземиз. Шайырдың өз поэзиясында бул детальларды теңеўлик көриниске ендирип қолланыў арқалы қаҳарманның унамсыз образ ҳәм характрлерин сатиралық усылда ашып бериўи лирикалық сатирадағы үлкен шеберлик ҳәм жетискенлик болып табылады.

Тағы да, шайырдың «Намыс сөзи» атлы қосығындағы

Ынжылып салысы суўға кеткендей,
Ҳеш нәрсе қос жақпас сөзи кетпендей,
Бир жадырап ашылмайды қабағы,
Түнереди көзине май питкендей[10].

---

[10] Нурымбетов С. «Шығармалары» I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспасы Нөкис 1960-ж. 254- бет.

қатарын ҳәм «Шуғылларға» атлы қосығындағы

Аўзыда гөжедей қайнап жүреди,
Мүләйим адамды пайлап жүреди,
Шетлетип, қағытып ойнап жүреди,
Бийорын ҳәзили бардур шуғылдың[11].

қатарларын алып қарайық. Бундағы «салысы суўға кеткендей», «сөзи кетпендей», «көзине май питкендей», «Аўзыда гөжедей қайнап» ибаралары қосықлардағы фразеологиялық сыпатқ ийе болған теңеўлер болып есапланады. Тийкарынан «Намыс сөзи» қосығында Бийбиниң ис-ҳәрекетлери, жүрис турыслары, қарым –қатнас процесслери сүўретленеди. Яғный, атызда пахтаны бурынлары қосық айтып, хошланып теретуғын, тергиш атағына ийе болған Бийбиниң ҳәзир пахтаны териўге ҳеш қызықпаслығы, қабағы ашылмай, қәҳәрленип, көп ойланып, аяқ-қолларының аз қозғалыўы, пахтаны алыўға ерингенликтен еңкейсе турыўының мүшкил болып қалғанлығы, бул аўҳалға досты Гүлбазардың тахат етип шыдамай, досларын жыйнап, Бийбиниң төркинине қыдырмақшы болғанында күйеўи жибермей, екеўиниң ашыўланып, урысып қалғанлығынан берли усы халатқа оның түскенлигин жаман сыр болса да айтып ойласыўы, Гүлбазардың Бийбиге ғайраткер атағын аяғына басып азаматлық намысының жоқ болып кеткенлигин еситтирип айтыўы, сол ўақытта Бийбиге қәҳәрленип қарап, ҳәтте дослық ушын жулынына тийиўи, бул ҳақ сөз ушын Бийбиниң сасқалақлап қысыныўы, ерсиликтиң өзинде екенлигин түсинип, көпшиликтен кеширим сораўы, намыс сөзиниң жигер бергенлигинен пахта теримине пәт берип, илгеридегидей хошланып, шаққан териўлери, ал, «Шуғылларға» қосығында болса, негизинен шуғыллар ҳаққында гәп етилип, олардың саған ҳеш қандай сөз бермей, шийрин гәплерди айтыў арқалы ой-баўырыңа кирип, сениң менен көзабаға дос болыўлары, саған барқулла қастыянлық, қыянатшылық ойлайтуғынлары, мүлайым адамларды пайлап, оларды шетлетип қағытып ойнайтуғынлары қосықларда көркемленип поэзиялық усылда жырланады. Шайыр «Намыс сөзи» қосығындағы Бийбиниң

[11] Сонда … 346-бет.

ашыўланып, қәҳәрленип, еринип, көп ойланып, ашшы сөйлеп жүриўлерин, ал, «Шуғылларға» қосығындағы шуғыллардың жағымпазланып, саған өзин унамлы етип көрсетиў сезимлерин бағышлайтуғын гәплерди айтып, аўзы тынбай адамлар арасында көп сөйлеўлерин, қосықларда теңеўлик көриниске ийе болған фразалар менен сүўретлеген. Фразеологиялық сөзлер тийкарынан сөздиң қаймағы, ширеси, көркем шығармалардағы қаҳарманның образ ҳәм характерлерин ашыўда, шығарманың форма ҳәм мазмунын кеңейтиўде, эмоциональ ҳәм экспрессивлик жақтан күшейтиўде қолланылатуғын ибаралардың бири. Садық шайырдыңқосықларда фразларды теңеўлик көринисте қолланып, шығармаларда айтажақ болған ой-пикирлерин, идеясын көркем анық сәўлелендире алыўы оның поэзиялық ҳәм сатиралық шығармаларды дөретиўдеги шеберлиги болып табылады.

Тағы да, шайырдың «Шуғылларға» қосығындағы мына қатарларға да итибар берейик:

Иске тийгизеди жаман тәсирин,
Досқа келтиреди үлкен кесирин,
Сырын ашсаң дәрриў сорор кеширим,
Түлкидей тәсили бардур шуғылдың.

Қара басын ойлап қылмық қағады,
Ҳәр күни таўсылмас мылжың табады,
Өз пайдасы ушын аттай шабады,
Өзинше бир нәри бардур шуғылдың[12].

Бунда, қосықтың «Түлкидей тәисли бардур шуғылдың» ҳәм «өз пайдасы ушын аттай шабады» қатарларында теңеўлер қолланылған. Шайыр қосықта шуғыллардың адамларға өзин дос сыпатында көрсетиў арқалы оларға жаманлық, жалахорлық, сумлық ислейтуғынларын, сениң сөзиңди досларың басқаша жеткерип, араға от салатуғынларын, өзиндеги унамсыз тәреплерди ойламай өз пайдасы ушын ҳәрекетленетуғынлығын, исиңе жалақлап қолын созып, араласып кейнинде исиңе ҳәм досларға үлкен кесирин тийгизиўлери, оған усындай унамсыз

---

[12] Нурымбетов С. «Шығармалары» I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспасы Нөкис 1960-ж. 347- бет.

қәсийетлерин, яғный, сырын айтсаң, дәрҳал кеширим сорап, кеўлиңди алып, изиңде жағымсыз ҳәрекетлерин ислей беретуғынларын сатиралық усылда анық сәўлелендирген ҳәм шайыр шуғыллардың сырын ашып, оның жағымсыз ҳәрекетлерин айтсаң, сол заматта кеширм сорап, жалақлап, кеўлиңди алып, кейнинде жаманлық ислеўди даўам ете беретуғынлығын түлкиге яғный түлкиниң ҳийлекерлигине, ҳаярлығына теңесе, шуғыллардың басқаларға жаман кесиирн тийгизиў арқалы өз пйдасы ушын тынбай ҳәрекетленетуғынлығын атқа яғный, аттың шабысына теңеген. Шайыр қосықта усы теңеўлерди қолланыў арқалы шуғыллардың ишки-сезимлерин, өзине тән болған сыпат –белгилерин, образ ҳәм характерлерин ашып, шығармаға сүўретленип атырған шуғыллар ҳаққында жағымсыз, унамсыз сезимлерди ендирген. Бул жерде шуғылларға теңелген ат ҳәм түлкилер шайыр тәрепинен образлылықты күшейтиў нийетинде анық таңлап алынған.

Улыўма жуўмақластырып айтқанымызда, Садық шайырдың сатиралық шығармалырының өзине тән көриниске ийе екенлиги, поэзиясында өз ой-пикирин, идеясын, тәлим-тәрбилық сыпатқа ийе болған сезимлерин көркем анық сәўлелендире алыөркем сүўретлеў қуралларын пайдаланыў арқалы шығарманың форма ҳәм мазмунын көркем тәсирли етип аша алыўлары, сатирадағы шеберлиги болып есапланады.

**Садық шайырдың сатиралық шығармаларында метонимия ҳәм синекдоханың қолланыў өзгешеликлери.**

Поэзияда айтажақ ойын ҳәр тәреплеме тереңлестирип бериў, түсиндириў ушын шайыр гейде сөзлерди туўра емес, бурма, аўыспалы мағанасында қолланып, яғный сүўретлеп атырған затын яки ўақыясын соған қандайда тәрепинен уқсаслығы бар басқа бир затқа, ўақыяға теңеп, ямаса бара-бар қойып (метафора) яамаса шамадан тыс улғайтып, яки шамадан тыс киширейтип, ямаса пүтинниң орнына оның бөлегин көрсетип ақ сол пүтинди ҳәм керисинше бөлшектиң орнына пүтинди көрсетип ақ сол бөлшекти уғындырып,сондай-ақ көпликтиң орнына бирликти қолланып-ақ сол көпликти аңлатып ҳәм керисинше көпликти қолланыў арқалы бирликти билдирип, ямаса бир затты соның тәғдирине усас болған екинши зат пенен аўыстырып (метонимия) т.б.усы сыяқлы толып атырған ҳәр қыйлы көркем сүўретлеў қуралларынан пайдаланып әдебий тилди қубылтып отырады.

Метонимияда, метафора усап, әдебий шығармаларда көркем сүўретлеўдиң белгили қураллары сыпатында хызмет етеди. Сонлықтан көркем сөз шеберлери метонимиялық мәни өзгериси усылы арқалы аўысқан мәнили сөзлерден жийи пайдаланады, сол арқалы сөз образлығын, мәни өткирлигин дөретип отырады.

Әсиресе, Садық шайырдың сатиралық шығармаларында метонимиялардың шебер, тәсирли қолланылғанын сеземиз. Мәселен: Шайырдың «Порханлар» атлы дөретпесиндеги мына қатарларға қарайық:

Жин шақырып аўзына от толтырып,
Мийнеткеш халықты сөйтип бүлдирип,
Түйедей бурқырап, үйди сындырып,
Жүрген жерин қарап өткен порханлар[13]

Бул қатарлардағы «үйди сындырып» ибарасы метонимиялық сүўретлеў негизинде пайда болған. Яғный шайыр бул жерде порханлардың барлық жағымсыз, жеркенишли, ерси қылықларын сатиралық усылда баянлай отырып, олардың ҳаялларды көрип, өзин тута алмай, бузықшылық ҳәрекетлерге барыўын, сол ҳәрекетлердиң себебинен хожалық болып атырған

[13] Нурымбетов С «Шығармалары» I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспа сөз Нөкис 1960, 55-бет

ерли-зайыплыларды бир-биринен айырып бүлдиргенлигин, туўра мәнисинде айтпай, екинши атама менен «үйди сындырып» формасында метонимиялық усылда сүўретлеген ҳәм порханлардың өзине тән болған бузықшылық образ ҳәм характерлерин өзиниң дөретиўшилик шеберлиги арқасында жаратқан.

Сондай-ақ, шайырдың «Шуғылларға сатирасындағы мына қатарларға нәзер салайық.

Бир сөзиңди екеў етип жеткерер,

Дослар арасында сөйтип от берер,

Ким пайдалы болса соған көп келер,

Тоймас көз қумары бардур шуғылдың.[14]

Бунда қосықтың «Дослар арасында сөйтип от берер» қатарындағы «от берер» ибарасы метонимия болып тур. Қосықта шуғыллардың сүўретлениўине қарап олардың жағымсыз адамлар екенлигин сеземиз. Яғный, шайыр қосықта шуғыллардың өзин ДОС сыпатында көрсетип адамларға барқулла жаманлық, жалахорлық, сумлық ислейтуғынларын, сениң сөзиңди досларыңа басқаша етип жеткеретуғынлығын ҳәм ортада урыста пайда ететуғынлығын ҳәм буннан басқа да шуғыллардың ҳәр қыйлы жағымсыз, ерси қылықларын сатиралық усылда сәўлелендирген.Шайыр бул жерде шуғыллардың дослардың арасына ҳәр қыйлы болмағыр, жалған сөзлерди ямаса сениң сөзиңди достыңа басқаша жеткерип, дослардың арасында даў-жәнжел, урыс-қағысларды шығарып жүретуғынлығын «от берер» ибарасы арқалы метонимиялық усылда сүўретлеген, ҳәғм усы метонимияны сүўретлеў арқалы шуғыллардың психологиясын, сыпат-белгилерин, образ ҳәм характерлерин ашып, қосыққа олар ҳаққында унамсыз сезимлерди ендирген.

Тағы да, усы қосықтағы мына қатарларға итибар берейик.

Шынтлап қудалассаң пәсине қайтар,

Бәрин жайғастырып шеберлеп айтар,

Тимискенип тынық суўды ылайтар,

Қара қурым таты бардур шуғылдың[15]

[14] Нурымбетов С. Шығармалары I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспасы Нөкис 1960, 346-бет

Бул жерде де шайыр шуғыллардың адамлар арасында бәрҳа сумлық, жаманлық, душпаншылық ислеп тыныш болып жүрген досларын, адамларды бир-бирине душпан қылып метонимиялық усылда сүўретлеген.

Сондай-ақ, шайырдың «Ойлап көрер» сатирасындағы төмендеги қатарларға нәзер салайық.

Халық исине тәсил қылып,

Сырты сулыў иштен тынып,

Көпшиликтиң хақын жырып,

Мийнетсиз мал жыйнап жүрер[16]

Бунда қосықтың «мал жыйнап» қатары метонимия болып тур. Шайыр қосықта өз иниси Пәтлимуратты сатираға алып, оның барлық ерси тәреплерин сүўретлейди ҳәм усы Пәтлимуратты «мал жыйнап жүрер»деп сыпатлайды. Бул жерде Пәтлимураттың мал яғный үй ҳайўанларын емес, бәлки мийнетсиз байлық топлап жүргенлиги нәзерде тутылған. Демек, «байлық» туўра мәнили түсиник болса, «мал жыйнап» ибарасы аўыспалы мәнилик түсиник. Яғный, шайыр бул жерде Пәтлимураттың байлық жыйнап жүргенлигин «мал жыйнап» ибарасы арқалы екинши мәнили бөлекти аўыспалы мәниде қолланып метонимияны жаратқан.

Тағы да, шайырдың «Намыс сөзи» поэзиясындағы мына қатарларды алып қарайық.

Досларым, қулақ сал, жақын кел бери,

Айтпасам болмайды жаман сыр еди,

:ш күликте ери менен урысып,

Өшегисип қасарысып жүр еди.[17]

Бунда «қулақ сал» сөз дизбеги метонимиялық сүўретлеў болып есапланады. Қосықта тийкарынан аўылдағы теримши Бийбиниң ис-ҳәрекетлери, жүрис-турыслары, қарым-қатнас процесслери сүўретленеди. Бурынлары пахтаны кеўилленип теретуғын Бийбиниң ҳәзир атызда қабағы ашылмай, қәҳәрленип жүргенлиги, бул аўҳалға оның досларының ҳайран болыўы, Бийбиниң қәҳәрлениўиниң себебин достысы Гулбазардың билиўи ҳәм оның Бийбиниң

---

[15] Нурымбетов С. Шығармалары I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспасы Нөкис 1960, 348-бет
[16] Нурымбетов С. Шығармалары I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспасы Нөкис 1960, 245-бет
[17] Нурымбетов С. Шығармалары I том «Қарақалпақ мәмлекет» баспасы Нөкис 1960, 254-бет

қәҳәрленип жүргенлигиниң себебин досларын жыйнап оларға ҳәр қыйлы бояўлар менен сүўретленип берилген. Яғный, бул жерде Гулбазардың Бийбиниң сырын (қәҳәрлениўиниң себебин) досларына әсте сыбырлап айтқанлығы көринип тур. Ал «қулақ сал» ибарасы арқалы Гулбазар досларына «еситиң», «тыңлаң» деп атырғаны. Усы Гулбазардың досларына сырды еситтириўин, шайыр сатирада көркемлеп, тәсирлирек көрсетиў ушын «қулақ сал» ибарасы арқалы сүўретлеў қуралы болған метонимияны пайдаланған. Яғный сөздиң туўра мәнисин емес ал, сол мәниге байланыслы, қатнаслы болған екинши мәнили бөлекти шайыр сатирада шебер қолланған.

Аўыстырыў мәнисинде қолланылатуғын сөзлердиң және бир түри синекдоха. Бул жай сөзлерде де көркем әдебиятта да жийи гезлеседи.

«Синекдоха (грек сөзи, уқсатыў)-аўыстырып, сүўретлеўдиң бир түри. Сөйлескен сөзде ямаса поэтикалық сөзлерде де пүтинниң орнына бөлшегин, көпшиликтиң орнына азшылықтың қолланыўы синекдоха болады[18]»

Яғный сөүзлердиң пүтинниң орнына бөлшегиниң, бөлшегиниң орнына пүтининиң, бирликтиң орнына көпшилигиниң, көпшилигиниң орнына бирлигиниң аўмасып қолланылыўы синекдоха болып есапланады.

Орыс әдебиятының теоритиклери Б.Томашевский, Л.И.Тимофеев, Г.Н. Поспеловлар синекдоханы метонимияның бир түри деп қарайды. Б.Томашевский «Метонимияның жақын бир түри - синекдоха[19]» десе, Л.И.Тимофеев «Синекдоха метонимияның бир түри деп танылады, бирақ мазмунына қарағанда, метонимия менен синекдоханың арасында үлкен айырмашылық бар деп айтыўға боларма екен[20]» -дейди. Ал, Г.Н.Поспелов «Метонимия менен синекдохалардың айырмашылықларын ҳәм жақынлықларын келип, синекдоха – метонимияның бир түри ғана[21]» - дейди.

---

[18] Ахметов С «Әдебияттаны7 терминлериниң қысқаша сөзлиги» «Қарақалпақстан» баспасы 1972-ж, Нөкис 114-б
[19] Томашевский Б, «Теория литературы» (Поэтика) Л, 1925г стр 38
[20] Тимофеев Л.И. «Основа теорий литературы» Москва 1940г, стр 101
[21] Поспелов Г.Н. «Теория литературы» Москва 1940г, стр 49.

Деген менен бул еки сүўретлеў қуралларының өзине тән өзгешеликлери бар. «Метонимияда көбирек жанлы ҳәм жансыз затлар сөз етилсе, синекдохада жанлы затлардың аўыспалы мәнилери көбирек сөз етиледи[22]»

Көркем сүўретлеў қуралларынан бири болған синекдохаларды Садық шайырдың сатиралық шығармаларынанда көплеп ушыратыўымызға болады. Мәселен: шайырдың «Порханлар» атлы сатиралық шығармасындағы мына қатарларға итибар берейик:

Халықты алдап өтириктен алымлар,
Наданлықтан пайдаланған залымлар,
Бундай сумрайлардан Аман болыңлар,
Айдарҳадай аўзын ашқан порханлар.

Зикир салып өз-өзинен қутырып,
Сулыў ҳаял көрсе мудам жутынып,
Сырын билген ўақта қашар күтинип,
Журтты алдап бузып жүрген порханлар[23]

Бунда «халықты», «журтты» сөзлери синекдоха болып табылады. Себеби бир неше мыңлаған, миллионлаған адамларды халық, журт деп түсиниледи. Бул бир неше адамлар жалпы, көплик мәнисин билдиреди, ал, «халық», «журт» сөзлери бирлик мәниде қолланылып тур. Демек, қосықта жалпы, көпликтиң орнына бирлик мәни қолланылып тур. Бул әлбетте, синекдоханың нызамлықларына туўра келеди. Садық шайыр қосықта порханлардың адам шыдап болмаслық жағымсыз, жеркенишли, бузықшылық ҳәрекетлерин, қылықларын сатиралық бағытта өткир тил менен сүўретлей келип, сол порханлардан жәбирленген, зыян көрген барлық адамларды Бирме-бир айтып отырмай, аўыспалы мәниде көплик мәнидеги адамларды билдиретуғын сол мәнилердиң орнын басатуғын «халық», «журт» сөзлерин қолланыў арқалы көркем сүўретлеў қуралларының бири синекдохаларды шебер жаратып пайланған.

---

[22] Мамбетов К. «Әдебият теориясы» Нөкис «Билим» 1995ж, 118-бет
[23]

Улыўма жуўмақластырып айтқанымызда, Садық шайырдың сатиралық шығармаларында көркем сүўретлеў қуралларының көпшилиги анық ҳәм шебер қолланылған. Солардың ишиндеги метонимия ҳәм синекдохалардың шайырдың сатиралық шығармаларының тәсиршеңлигин, мазмунын ҳәм формасын байытып турғанлығын оның шығармаларын таллаў арқалы көрип өттик. Бул сүўретлеў қураллары шығармалардың бундай тәреплерин байытыў менен қатар қаҳарманлардың сатиралық образ ҳәм харатерлерин көркем анық реал ашыўда актив хызмет атқарған. Садық шайырдың сатиралық шығармаларында қолланылған бул сүўретлеў қураллары утымлы ҳәм шебер жаратылған. Оның шығармаларында бундай сүўретлеў қураллары еледе көп. Булардың барлығын анықлап изертлеў әдебияттаныў илими ушын зәрүр деп ойлаймыз.

**Бердақ ҳәм Садық шайырлардың сатиралық шығармаларының өз-ара байланысы.**

Қарақалпақ әдебиятында сатираның сағасы қарақалпақ фольклоры менен жигирмаланшы жылларға шекемги қарақалпақ жазба әдебиятынан басланады. Жигирмаланшы жыллардың орталарында ҳәм отызыншы жыллардың басында жергиликли күнделикли баспа сөздиң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы менен бирге көркем публицистикалық сатираның бюир формасы сыпатында Т.Сейтмамуратовтың, Ж.Аймурзаевтың, М.Дәрибаевтың, Д.Назбергеновтың фельетонлары, Ә.Өтеповтың «Тоғыз жүз грамм», «Бояўшы ўәкил», тағы басқа комедиялары дөреди.

Қарақалпақ әдебиятында сатираның ҳақыйқый кең масштаблы раўажланыў дәўири Екинши жер жүзлик  урысы дәўирине туўра келеди. Усы дәўирден баслап сатира реалистлик әдебияттың бир стиллик формасы сыпатында турақлы ҳәм избе-из раўажланды. Сатиралық қосықлар, гүрриңлер, фельетонлар, сатиралық поэмалар, комедиялар көплеп дөреди, қарақалпақ повестьлери менен романларында унамсыз қаҳарманлар образы сатиралық позициядан жасалады.

Екнши жер жүзлик урысы дәўиринде А.Дабыловтың, С.Нурымбетовтың, Ә.Шамуратовтың, Н.Жапақовтың сатиралық қосықлары ҳәм Ж.Аймиурзаевтың публицистикалық сатиралық мийнетлери жазылады. Екинши жер жүзлик урысқа шекем-ақ, Абаз шайыр «Бир бригадир ҳаққында», «Халық ғарғысы», «Бир жалқаў мурабқа», «Батырларға тийген жоқпа зияның», «Еплеп зорға жүк болады бир атқа» ҳ.т.б.сатиралық қосықларын жазды. Ол бул сатиралық қосықларында исти шөлкемлестире алмаған, өз мәпин жәмийет мәпинен зыят қоятуғын бригадир, мурап, фронтқа барыўдан жасырынғанларды, пахта планын тапсыра алмағанларды сатиралық тил менен әшкаралады.

Садық Нурымбетовтың Екинши жер жүзлик урысқа шекемги творчестволық-ақ сатиралық қосықлары әдеўир орын ийелеген еди.   Ол ерси қылықлы адамлардың ис-ҳәрекетлери ҳаққында «Еситсең», пәмсиз адамлардың ислери ҳаққында «Жаңаберген», коллективлик малға немқурайлы қараўшылар ҳаққында «Ат саўдасындағы алдаўшыларға қарсы», «Өгизлерден хабарың жоқ», үйдиң әдеп-икрамлылығын, тазалығын сақлай адамлар ҳаққында «Шаңбай», жалқаў колхозшылар ҳаққында «Жалқаўларға», диний дәстүрлерди қолланыўшылар қарсы

«Порханлар» ҳәм тағы басқа сатиралық қосықларын жазған еди. Екинши жер жүзлик урысы урысы дәўиринде Садық шайыр «Күш көликлерден арза», «Кемшилик жоқ Сапарбайда», «Қыйынлыққа дус еткен», «Шалағай болмаң ҳәр иске», «Нөкис горколхозының басшыларына», «Ерманов ҳәм Ниязов», «Баслық Қурбанбайға», «Баслық Тәңирбергенге», «Қалдыңыз артта», ҳ.т.б.сатиралық қосықларын ҳәм «Тәртиби жоқ уллы қыйқыў» атлы фельетонын қосық пенен жазды. Шайырдың бул сатиралық қосықлары менен фельетонларында колхозда күш көликлерге бийпарўалық, шаўқымпаз басшылар, жумысты дурыс шөлкемлестире алмаўшылар, районларда пахта планының орынланбаўы, Нөкис қаласын жасыл жапырақлы мәканға айландырыўдағы кемшиликлер тағы басқалар сатиралық тил менен сүўретленеди.

Садық шайыр өзиниң бурын жасап өткен атақлы, поэзиялық шығармаларды идеалық тәрепинен өткир, тереӊ мазмунлы, тәсирли, шебер жазыўшыларды өзине устаз сыпатында билди. Әсиресе, Бердақ, Өтеш, Әжинияз, Күнхожа, Ә.Наўайы ҳ.т.б. жазыўшылардың лирикалық шығармаларын қунт пенен оқып, үйренип жоқары тәжирийбелерди өщлестирди. Усы шайырлардың творчестволық тәжирийбесинен, жазыў стилиниң, методларынан пайдаланып, Садық шайыр бир-неше сатиралық шығармаларын дөретти.

Биз бул мийнетимизде Садық шайырдың сатиралық шығармаларының Бердақ шайыр сатиралары менен байланысын таллаў тийкарында анықлаўға урынамыз.

XIX әсир қарақалпақ әдебиятында шығармалары ҳәм тәреплеме көп изертленген, илимий болжаў жүргизилген шайыр Бердақ болып есапланады. Кейинги жыллары Бердақ шайырдың шығармалары бойынша бир-неше монографиялық мийнетлер жүзеге келди. Бул шайырдың творчествосының бүгинги күнимизде де ҳәр тәреплеме илимий изертлеў объектинде актив, ҳәрекетшеӊ талғамға түсип, анализ берилиўи шәртли болып турғанлығын көрсетеди. Усы процесстиң тынбай раўажланып баратырғанлығының өзи халық пенен Бердақтың, заман менен, жәмийет пенен Бердақ шайыр арасындағы органикалық байланыстың күшли болғанлығын дәлиллейди.

Ағалар мен шайыр болдым,
Гүл едим қуўардым, солдым,

Шығып дүньяға не көрдим,

Ахыў-зарымды билгейсиз.-

-деп үмит еткен Бердақтың әдебий мийрасын өзиниң кейинги әўладлардан еткен дәмесин, пикирин, өтинишин бүгинги күни әдебият, мәдeният, тил, тарийх, философия, педагогика ҳ.т.б. илим жолында жүрген ғайраткерлер шайырдың мийнетин өзиненде бетер баҳалап, ардақлап атыр. Бердақтың исми тиллерде дәстан болмақта, шығармалары илимге азық болып атыр.

Бердақ шайыр XIX әсир қарақалпақ әдебиятының ҳақыйқый азатлықты, жақсылықты сайрағыш бүлбили болды. Ол жырламаған ўақыя, ол жырламаған шежире, тарийх қалмады. Оны бул ҳәдийселер үстинен шығарма дөретиўге ҳеш ким мәжбүрлемеди. Шайырдың ҳүждан тәрезиси өзи жасаған жәмийеттиң, заманның, дәўирдиң, адамлардың бойындағы ҳәр күнги болып атырған жақсы-жаман ўақыяларды, өзиниң жүреги арқалы сезген тәғдир талапларын хатқа түсирткизбей қоймайды. Бунысыз ол жәмийетте арқайын жасай алмады. Бердақ шайыр оғада көп шығармалар, қосықлар үлкен-үлкен дәстанлар жазды. Олардың ҳәммесинде дерлик юмор ҳәм сатираның түрлери, үлгилери бар. Юмор ҳәм сатираның ирония, сарказм, тымсал, потамимо, шраж, қусаған компонентлериниң көбиси дерлик шайырдың шығармалырынан орын алғанлығы көремиз. Автор не ушын юморлық стаиралық шығармалар дөретти, ҳәтте юмор-сатира араласпаған шығармалары болмады деген сораў туўылады. Себеби, шайыр өзи жасаған жәмийетти ҳәр тәреплеме аңлап, барластырып салыстырып, теңеп, өлшестирип көрди. Инсанның ҳадалый нийетине, адамгершилигине, жүрек тазалығына кери келетуғын ҳәмме нәрселерди жақсы танып билгенликтен, сондай жақпас, қайшы келетуғын тәреплерине қарсы юмор ҳәм сатираны қойды. Шайырдың адамгершилик сезими, дүнья таныў қәбилети, жәмийеттиң раўажланыў бағдарын таныўы ҳәр қандай өзи менен жасап атырған адамлардан анағурлым басы меди. Сонлықтан да ол ҳәмме әпиўайы халықтың талғамында орталықтан шығып қалып отырған терис путақларды сатираның пышқысы менен кесип таслаўды ойлайды. Заманында солай иследи де. Бул исти өз ўазыйпам деп таныды.

Бердақ заманында юмор ҳәм сатираны күшли қурал етип пайдаланды. Онысыз шайырдың қәбилети басқа нәрселерге қаратылмады да. Әпиўайы қөдиреҢ шайыр болып қалыўдан бас

тартты. Өйткени кимде ким заманында дурыс сөйлемесе, ҳағын айтпаса, кеўлиндеги пикирин халыққа жәрияламаса ол адам қайсы заманда да артта туншығып қалып атырғанын Бердақ жасынан-ақ билди. Әлбетте ондайларда болды. Бирақ оларды халық Бердақтай етип әлпешлеп, алақанына салып сыйламады. Қарақалпақ халқының ески үрп-әдетлериниң, дәстүрлериниң ең қәдир-қымбатын билетуғын дәўир XIX әсир дәўири болды. Той, мереке, отырыспақ, сән-салтанат ески қарақалпақ аўылларын күлки бәзимге толтырды. Буны баслаўшылар, атқарыўшылар, даўам етиўшилер, шайырлар, бақсылар, жыраўлар, қыссаханлар, сөз шеберлери, тиленен дүр шашқан дилўар шешенлер болды. Усындай таланттың дерлик барлығын ийелеген Бердақ "арғабай улы болды. Халық күлсе күлди, қапа болса қапа болды. Мине усындай халық тәғдири менен уўызланған шайыр сатира менен юмордың қарақалпақ халқына қанша дәрежеде ҳаўа менен суўдай зәрүр екенлигин сезди. Әлбетте ол сол заманда «сатира, юмор» деген сөзлерди еситпесе де, халқының кеўил хошлығын көтерип, шаршағанда суўсынын қандыратуғын кеўилли қосықларды, ҳәзил гейде жаманлардың жанына батқандай ашық етип әшкаралайтуғын ҳәм тымсаллы күлкилерди билетуғын еди. Сол ушын да автор түрли темаларда қосық дөретип оған юморлық, сатиралық сүўретлеў усылларын пайдаланды.

Бердақ күлкиниң күшине исенди. Күлкиге алынатуғын объектлерди де таңлай билди. Қарақалпақ халқының үрп-әдетине сәйкес келетуғын жағымлы ҳәзил күлкилерди ел перзентлерин еркелетиўге арнаса, ашшы тийгенде тесип кететуғын зәҳәр күлкилерди халықтың душпанларына қаратты. Демек, шайыр дос пенен душпанды ҳәммеден бурын айрып алды деген сөз. Онысыз сатираны дөртиўде қыйынға түсетуғын еди.

Автор ҳәр бир шығармасында күлкиге айрықша итибар береди. Өйткени егер халық қайсы нәрсеге көп күлсе онда үлкен мәни бар деп билди. Халық ешейинне-ешейин күле бермеген. Халық күлсе бир сыр бар деген сөз. Көпшилик бирде қуўанып күледи, бирде ашыўланып, қәҳәрленип, қағыланып күледи. Қуўанышлы күлки-юморға тийисли болса, қайғылы, әрманлы күлки-сатираға тийисли. Халық дана-деймиз. Халықтың усындай даналығынан суўғарылған шайыр, мудамы халқының кеўлин бағып сөйлеген, күлген, ис еткен, шығармалар дөреткен. Халықтың кеўли қараған тәрепти ол тез аңғарған ҳәм алдын болжап ҳәрекет еткен. Соннан болыў керек халықтың ерсилеў көрген ислерин, халықтың түңилген нәрселерин сатира ҳәм

юмордың күлкисине илдирген. Бердақ шайырдың қайсы шығармасын алып қарамайық XIX әсирде жасаған қарақалпақ халқының басынан өткерген ҳәмме турмысындағы жақсы жаман жағдайларды өз шығармасына қалай сыйдырған болса, оның бир саласы юмор менен сатираның сүўретлеў усыллары менен суўғарылғанлығын көремиз. Ол шайырдың өз халқының турмыс тиришилигине, жасаў жағдайына, шараятына, сиясый экономикалық қурылысына, өсиў-өрбиўине сонша дәрежеде Жаны ашығанлығынан дәрек береди.

Бердақ шайыр өзиниң «Хожам» қосығында қарақалпақлардың қәдимги бақсы усылын қолланып, күлкини ешеклерди тары атызыма түсти деп қуйрық жалынан, қулағынан дым қалдырмай кесип таслаған Сиеткамал хожаның ерси қылығына қаратады. Басқы биринши куплеттен-ақ өз жолын күлки үстинен жүргизип Сейткамал хожаны тындырып турып силейтип салады. Шайыр ҳәдемей-ақ хожаның минезине, ерси характерине, ашыўшақлығына күлки айдайды.

Хожам исерсең кеберсең,
Өз даўлетиңе теберсең,
Ешек пишпеге шеберсең,
Ешек сүннет еткен хожам[24]-деп,

Сен де өзиңдей халық, адамлар менен бирге жасап атырсаң, сеннен басқа егин екпедиме, олардың егинине маллар түспей атырма? Дәрриў биреўдиң минип жүрген ешеклерин даладай қан етип, дужырып таслағаның уят болды ғой, бул «өз дәўлетиңе тепкениң» емеспе, ҳеш жерде жоқ қылықты басладың ғой деп минип түседи.

Басқыға шыдаў мүмкин болмай қалған ўақытлары да болған. Мине усындай сөзден қорыққан Сейткамал хожа қулақ-қуйрығы кесилген ешеклердиң ишинде Бердақ шайырдың ешеги барлығын билип «оны көриўден енди масқара болмасам болар еди» деп қорқады. Даў-жәнжел тарқап адамлар үйли-үйине кетиўден Сейткамал Хожа Бердақ отырған жерге келип, оған бир шапан әкелип жаўып, ал мени масқара қыла көрме, бир болмас ис болды, деп жалынады[25]. Мине күлкиниң басқыдағы күши. Әлбетте, әсиресе сол заманда еккен егинди

---

[24] Бердак «Танламалы шыгармалары» Нокис «Каракалпакстан» баспасы 1987-ж. 97-бет
[25] А.Пахратдинов «Бердак шайыр творчествосынын жыйналыу, басып шыгарыу хам изертлениу тарийхынан» Нокис «Каракалпакстан»1990-ж 130-б

қорғаўда үлкен мәселе. Бирақ егинге түскен ҳәмме малларды барлық егислик ийелери өлтирип, яки сойып тасламағанғой. Бул Сейткамал хожаның ерси иси тек Бердақ шайырға ғана емес пүткил Бердақ қонған аўылға ерси, күлкили болған. Оннан қала берди, Бердақ бундай турмыста сийрек ушырасатуғын күлкили ҳәм ерси қылықларды еситип, көрип, билип отырып оны қалай қосық етип жырламас екен. Шайыр қайсы заманда болса да жақсы-жаман ҳәдийселерди өзиниң творчествосы арқалы журтшылыққа тартыўшы биринши пропагандистлерден болыўы шәрт. Ал, Бердаққа усаған классик шайырлар ушын ондай ерси ислер тил менен қәлем ушында турды. Сонлықтан да шайыр Сейткамал хожаны тек сол бир аўылына емес, пүткил қарақалпақ халқына күлки етип әшкаралады. А.Фадеев «сатирик жанрда басқа жанрларға уқсас және бир қаҳарман пайда болады, бул ең кереклисиде, бул нәрсе автордың өзи»[26] - деген еди. Усы пикир дурыс келеди. Өйткени ҳәр қандай унамсыз иллет пенен биринши реет қарсы гүресетуғын да, көркем сатиралық шығармаға сол унамсыз нәрселердиң жақпаслығын сезип, билип, мәселе етип көтерип шығатуғын да автор болады ямаса жазыўшы болады. Болмаса қайсы дәўирде де болып атырғанкүлкили ҳәдийселерди жазыўшы ямаса шайыр жазбаса, жәрия қылмаса сонша дәрежеде ким сәўлелендириўи мүмкин. Ол қашанға дейин өмир сүреди. Егер жазыўшы, шайыр сол көрген, еситкен, билген ҳәдийселерин жазып қалдырса, ол мәңгилик, әўладтан-әўладқа таралып мудамы өмир сүреди, умытылмайды.

Мине, Бердақтың Сейткамал хожаның аўылына мийман болғанлығы себепли, қонақлардың ешкилериниң қулақ қуйрығын кесип таслаған хожаның унамсыз қылығы туўралы шайыр мәңгиге бир әжайып сатиралық шығарма дөретти. Енди бул қосықты оқыған адам бул исти өмири туўып тәкирарламайды. Әне күлкиниң күши.

Басқыдағы күлкиниң сыры соннан ибарат, қандайда бир адамның унамсыз белги, ҳәдийсе әтирапындағы болып атырған точканы күлки менен бомбалағандай етип таслайды. Айтылмаған ашық жери қалмайды. Майдалап, бөрттирип, үсти-үстине күлкини дәл тийгизеди. Оған яғный басқыға тап болған адам қашып қутылыўы мүмкин емес дәрежеде болып қалады, кейнинде жылайды.

---

[26] «Второй Всесезонный съезд писателей. Стенографический отчет» «Советский пистатель» 1956-г. Стр.507

Бердақ шайыр да Сейткамал хожаны усындай аўҳалға ушыратқан болыўы керек. Өйткени, сөзлерине қарағанда оны шайырдың аяп қоймағанлығы белгили болып турады.

Даўылбайға шығыр ектиң,
Шығырыңды минет еттиң,
Ешеклерди сүннет еттиң,
Ешек сүннет еткен хожам.

Даўылбайдың жери жарық,
Қаўын егип, қаздың қарық,
Өзи көтерем, саў арық,
Қулақ же деп, семир хожам.

Хожам ешекти сыйлады,
Қулақ-қуйрығын жыйнады,
Қазақы қапқа сыймады,
Мәмбетқулға сатқан хожам[27]

Н.В.Гогольдың дурыс айтқанындай «Егер күлиў керек болса, ҳақыйқаттан улыўма халықлық күлкиге ылайық болғанлар үстинен күшли рәўиште күлген жақсы болады»[28] Сол Бердақ шайыр жасаған заман, дәўир ушын оның «Хожам» қосығы халықлық күлки пайда ететуғынлығы ҳақыйқатлық еди.

Шығармада Сейткамал хожаның жәниўарға болған мүнәсебети усылайынша сүўретленип, оның образ ҳәм характери унамсыз көринисте баянланады.

Бердақ шайырдың бул шығармасына уқсас ҳәм жақын мазмунға ийе болып жазылған Садық шайырдың «Өгизлерден хабарың жоқ» қосығы болып табылады. Бул шығарманы оқып таллаў арқалы биз Бердақ шайырдың «Хожам» қосығындағы унамсыз қаҳарман Сейткамал хожа менен Садық шайырдың «Өгизлерден хабарың жоқ» шығармасындағы Камал ағалардың ҳайўанларға болған жағымсыз көз-қараслары менен образ ҳәм характерлери арасындағы

[27]Бердак «Танламалы шыгармалары» 1987-ж 98-б
[28] Гоголь Н.В. «О литературе» ГИХЛ. Москва 1952-г стр 229

байланыслылықларды көремиз. Яғный, Садық шайырдың шығармасында Камал ағаның мәмлекетке қараслы болған малларға шын кеўли менен қарамай, бақпай, тәрбиясын бермей, қосжақпаслық ҳәм ериншеклик етип жүретуғынлығы баянланады.

Қосықта шопан Камал ағаның усындай аўҳалы себепли аўыл малларын ҳәр ким урыўы, маллардың ҳалының төменлеп, олардың азып қалыўлары, маллардың қаңғып кетип мәмлекет егинлерине түсип бүлдириўлери қаҳарманға қарата ашшы тил менен айтылады. Яғный, Камал ағаның унамсыз образ ҳәр характерлери сатиралық бағытта ашылып, оның ис-ҳәрекетлери қосықта терең ғәзеплениўшилик пенен жырланады. Сейткамал хожаның аўылдағы ешекке болған мүнәсебети арқалы жағымсыз образ ҳәм характерлери ашылса, Камал ағаның аўыл малларына қарым-қатнасы арқалы унамсыз образ ҳәм характерлери жаратылған.

Тағы да, Бердақ шайырдың «Уфик мәхрем» шығармасын алып қарайық. Бул шығарма фольклорлық басқы усылында халықлық сатира шебер қолланылған косық болып табылады. Қосықта анық сөз етилип турған факт Уфик мәхремниң ешегиниң сықылы сыйқы ҳаққында гәп кетеди. Қарақалпақлардағы миллий күлкиниң, басқының тәртиби бойынша басқышыл адам, басқылайтуғын сөз шебери басқылайтуғын адамның журт күлетуғын бир кемис жерин таўып алып, сол точканы жақсылап басқылайды. Бердақта да басқы усылы оғада күшли көринеди. Басқа халықлардан қарақалпақлардың күлкидеги өзине тән өзгешелигиде соннан ибарат. Басқа миллетлерде қарақалпақлардай ўа-ҳа-ҳа басқы ушырамайды дерлик. Басқы болады, бирақ басқа халықларда жеңил болады. Биздегидей бир нәрсени айтып, оны ҳәмме қуўатлап, ўа-ҳа-ҳа менен жуўап берип турылмайды, турылған менен қарақалпақ басқышыллары демберместен, шөкелеп алған жерин ушын шығарып күлки менен езип турып алады. Бул мерекелерде, отырыспақларда, тойларда, жеке ушыраспаларда жийи-жийи ислетилип турған. Мине, шайырдың «Уфик мәхрем» шығармасы да усылардың бири. Уфик мәхрем тарийхый дереклерге қарағанда «Хийўадан келген саўдегер болып, оның менен Бердақ Шымбайдан үйине қайтқанда жолдас болған» делинеди. Шайырдың, бақсының әдети бойынша бурын еситип жүрген ямаса ушырасқан ўақытта жақпай қалған, ямаса ерсилеў бир иси ушын қәлеген адамға ерксиз күлки арнаған. Бул жеке қара басының атынан емес, ал

жәмийетшилик атынан ислеген сол адамға тәсири есапланған. Мине усындай күлкили басқыға Уфик мәҳремде дус болған болыўы керек.

Уфик мәҳрем, бежит жүриң,

Жолың жуўықпа жарық па?,

Минипсең жылдырым оқты,

Ат па, ешек пе, пырақпа?

Бул ешектиң маңлайы сор,

Отқа көрең, өзи жемқор,

Моны киши хызмети зор,

Ақ ғашырдан уллырақпа?![29] – деп

Уфик мәҳремниң киши саўдагершилик етип, аўылдан аўылға тынбай ешекке қыпаны басып, ешектиң обал-саўабына қарамастан, жеке өзиниң мәнпаҳатының қанаатланыўы ушын қулпери шығып дүнья табыў жолында өлерменлигин әшкара етеди. Оған жүрген жолың адамлардың жолына уқсамайды, қыяқлардан айланасаң, күндиз-түни тынбай жүргениңди көремиз, қай жерлерге барып қайтасаң өзиң? Мына астындағы ешегиңди де өлтиретуғын болдың. Қай ўақытта көрсең диңилдеп ешекли ушып баратырғаныңды көремиз. Астындағы сирә ешек емес, «ат па, ешек пе, пырақпа» деп күлкиге алады. Ҳәр қатарында күлки бәнтин басады.

Сатирик өзиниң сатиралық образын сол дәрежеде бөрттирип көрсетиўи шәрт, сол сатирик образдың сыртқы формасы, ишки мазмуны менен дәл, сәйкес келиўи шәрт. Уфик мәҳрем бизиң көз алдымызда өзиниң күлкили сыртқы формасы менен көзге тасланады. Қайсы күни болса да азаны, Кеши-күндизи жоқ, бир ешектиңүстинде әпшери қашқан «Хийўалының диңилдеп азаннан кешке дейин аўылдан-аўылға, өрли-ғурлы шаўып саўдагершилик ислеп, арын сатып, ақша таўып жүрген саўдагердиң образы сәўлеленеди. Ол заман менен бул заманда саўдагер дегенде адамларды ҳәр қыйлы затлар менен баплап, сатыўшылық ететуғын, арсыз, ақша, дүнья ушын ҳәр қандай жаманлық барымға баратуғын қопал адамларды еслейсең. Олардың талабы халықты алдап бирин еки етиў. Көз-көреки әпиўайы затларын алдап өткерип,

---

[29] Бердак «Танламалы шыгармалары» 99-бет

қымбатына сатып, жеке басының байыўы ушын ҳәрекет етиўшилик белгилери анық көринеди.»

Саўдагер ҳәр қыйлы болады. Бир саўдагерлер бар ҳақыйқаттан да халықтың ғамы ушын, халықтың керекли затларға болған талабын қанаатландырыў ушын Жан-тәнин аямай бир елден екинши елге өтип саўда ислейди. Өзинен керегин басқа жақларға шығарып, олардан өз елине затлар алып келип, нақ саўда менен, көп миндире бермей, жол ҳәрекетин қайтарғандай етип саўдагершилик етеди. Бундай саўдагерлерди халық жек көрмейди. Қайтама бир жаққа кетсе, оны асығыслық пенен күтип жүреди. Ал мына Уфик мәхрем қусаған саўдагерлерди журтшылық онша жақсы көре бермейди. Себеби, адамларды алдайды, арзан затын мақтап қымбатына сатады, өтпейтуғынларын мақтап өтимли етеди. Буларды бир саўда еткен аўылы умытпайды.

Мине Бердақ та буны сыртынан еситип жүрген болыўы итимал. Усындай жолдас болып қалған ўақытта шайыр оларға бир нәрсе айтпай, дәртин шығармай қойыўы мүмкин емес. Сол ушында бир жағы шын, бир жағы басқы есабынан халық кеўлиндеги айтылып жүрген гәплер тийкарында аямай-ашымай сатира менен түйреген, дәккисин берген.

Басыңа шаншыпсаң шыға,  
Ҳаққыңа қылайын дуға,  
Сатим андыз Сары буға,  
Артқаның айна-таракпа?

Бул ешектиң байрағы қой,  
Ҳәр жерге барса жыйын той,  
Қайшы менен бежерип қой,  
Саўрысы жүнли барақ па?[30]

деп жақсылап басқылап, ҳәр сөздиң ақырында басқы жол ашылып турғанлығы сезилип турады. Уфик мәхремниң жүрис турысында басқыға тәкәббил, адамларға ерси көринетуғын белгилер болса керек. Бердақ сол детальларды да қалдырмай сүўретлегенлиги билинип

[30]Бердак «Танламалы шыгармалары» 100-бет

турады. Сол Бердақ заманында эпиўайы халықтың жүрис-турысы, кийиниўи өзине тән салт-санасы, мәденияты болған. Бул саўдагер оларға қарамай, өзин басқалардан өзгеше тутып, өзиниң Хийўадан келгенлигин билдириўи ушын өзин де, ешегин де жақсылап безеп жүрсе керек. Себеби, шайырдың сүўретлеўине қарағанда Уфик мәхремниң сыртқы көриниси де ишки характерине сәйкес келетуғын ҳалда болған қусайды. Өйткени шайыр «Басыңа жыға шаншып, гүмистей жылтыраған мүйиз тарақларды артып жүрипсең, сөйтип жүрип жазым таўып қалма ямаса ҳаққыңа дуўа оқып қоя берейин бе?» - деп басқылайды.

Бердақтың бул сатиралық шығармасы тек сол дәўирдеги халқымыздың күлкиге болған талабын қанаатландырып ғана қоймастан жазба әдебиятымыздыңжанрлары бойлап байыўына, ҳәттеки XIX әсир фольклорының байыўына қосылған үлкен үлес болып есапланады. Бул сатиралық шығармада Бердақ сөзлерди ирониялы қолланғанлығын көремиз. Ешекти асыра мақтай отырып, сол ўақыттағы Уфик мәхремге болған көпшиликтиң ашық көз қарасын ашады. Сатиралық шығармаларда тийкарынан жағымсыз, ерси, жеркенишли қылықлы қаҳарманлардың ҳәр қыйлы сыпатлары сүўретленсе, сөзсиз олардың унамсыз образ ҳәм характерлери ашылады. Бердақ шайырдың «Уфик мәхрем» шығармасында да Уфик мәхремниң ерси, жағымсыз ис-ҳәрекетлери сәўлеленген. Яғный саўда менен байланыслы болған Уфик мәхремниң саўдадағы ҳаяршылығы, жағымсыз ҳәрекетлери үй ҳаәўаны менен қоса сүўретленип, көркем анық реал баянланады.

Бердақ шайырдың бул шығармасына уқсас, жақын байланыслылық сыпатқа ийе шығарма ретинде Садық шайырдың «Ат саўдасындағы алдаўшыларға қарсы» сатиралық қосығын таллаў тийкарында анықладық. Себеби Бердақтың шығармасында саўданың ҳайўан менен қоса сүўретленип, Уфик мәхремниң саўдашылықтағы жағымсыз ҳаяршылық образы ашылып сәўлеленсе, Садық шайырдың шығармасында Қалдыбай, Жүгинис қусаған қаҳарманлардың ҳайўанға болған қолайсыз, унамсыз мүнәсебетлери, тасбаўырлары ат саўдасы негизинде ҳайўан менен қоса сүўретлениў арқалы олардың да жағымсыз образ ҳәм характерлери жаратылады.

Тийкарынан Қалдыбай бесинши аўылдағы Халмураттың атын Жүгинис хожаның жәрдеми менен сатып алады. Қалдыбай бул атты нақ пулға емес қарызға алы пол қарызын көп

ўақытларға шекем үзбей созып жүре береди. Ол усындай өз мойнындағы қарызын үзбеў менен қатар жәниўарға да немқурайлылық пенен қарым-қатнас жасап, оған өз ўақтында от-жемлерин бермей, ҳайўанды аздырып, тоздырып өлер ҳалатына әкеледи. Буны қосықтың мына қатарларын оқыў арқалы анық сезиўге болады.

Оннан басқа ҳеш малы жоқ,
Аяқ басарға ҳалы жоқ,
Қуйрығы түўе жалы жоқ,
Иске аспай қалған екен.

Сөйлеўге ҳайўан тили жоқ,
Сүўретин көрсең мини жоқ,
Арықлықтан ҳеш сыны жоқ,
Қалдыбайдың бақканы екен.[31]

Шығармада Қалдыбайдың минез қулқы, ис-ҳәрекетлери, жәмийет арасында ҳәм ҳайўанға болған қарым-қатнаслары оғада жағымсыз формада сүўретленип, оның жеркенишли, унамсыз образ ҳәм характери шайыр тәрепинен тәсирли ҳәм анық ашып бериледи. Демек, бундай ҳалатларды, өзгешеликлерди шайыр поэзиясына саўда процессин ендириў арқалы реал ситуация жаратқан. Бул әлбетте, Садық шайырдың Бердақ дөреткен «Уфик мәхрем» шығармасын оқып, терең тәсирленип, Бердақтың шығармада саўда процессин ендириў арқалы сол дәўирлердеги айырым ерси қылықлы адамлардың сатиралық образ ҳәм характерлерин жаратыў усылларын, ситуацияны тәсирли ҳәм көркем анық ашып бериўлерин терең анализлеп, үйренгенлигинен дерек береди. Садық шайырдың шығарманы усындай классик шайырлар шығармасына байланыстырып дөретиўи, оның сатиралық шығармаларды, образ ҳәм характерлерди жаратыўдағы шеберлиги есапланады. Халық сатираны ҳәм сатирикти сүйеди. Өйткени сатирик ҳәр бир адамдағы, мейли ол ким болыўына қарамастан, нормадан тысқары шығып кеткен жөнсизликлери ушын ашшы күлкиге алады ҳәм журтышылық алдында оны өз қәтешилигин мойнына қойып отырып әшкаралайды. Бул сатириктеги әдиллик белгиси. Оған

[31] Нурымбетов С «Шыгармалары» I том «Каракалпак мамлекетлик» баспасы Нокис 1960, 34-35-бет

бәри-бир, баймысаң, биймисең, ханбысаң. Жиберген қылықларына бола ол күлки менен дәккисин берип отырады. Мине бул қәбилет ҳақыйқый түрде Бердақ пенен Садық шайырда болды.

XIX әсирде жасаған тек Бердақ ғана емес, Күнхожа, Әжинияз, Өтеш, Сарыбай, Гүлмурат ҳ.т.б. шайырларда сатирасының яғный жөнсизликлер ислеген, халыққа қылығы жақпаған ҳәр бир адамның үстинен күлиўдиң әҳмийетин оғада жақсы сезди, баҳалады, қәдир-қымбатына түсинди.

А.Абдуғафуров «Егер сатираға қол урған жазыўшыда анық жақсылық, гөззаллық, әдалат, кишипейллик туўрысында ҳәр тәреплеме жетик инсан ҳаққында толық түсиник болмаса, егер оны тәлим-тәрбия, эстетикалық, сиясый идеал алға қарап атландырмаса, ол жаратқан сатира ҳеш қандай тәсир күшке ийе болмайды, шығарма тар субъектив келиспеўшиликтен, қәте мүнәсебеттен ҳәм бир жақлама баҳа бериў дәрежесинен жоқары көтериле алмайды»[32] - деген еди.

Мине бул пикирге сүйене отырып Бердақ шайырдың жеке шайыршылық қәбилетиндеги адамларды сүйиў, гөззаллықты таныў, пейлиндеги әдалатлық, киши пейиллик, адамды ҳүрметлеў белгилериниң сол жәмийетте жасап турыўына қарамастан жоқары раўажланғанлығын көремиз. Бердақ өз заманының алдыңғы қатар Адамы болғанынан жәмийетте күнделикли турмыста болып атырған ўақыяларға гуманистлик пенен қарады. Ҳәр бир процесске уллы минберден қарап баҳа берди. Сол ушын оның алдынан, ойынан, пикиринен, қәлеминен өзи жасап турған турмыс тиришилигиндеги ҳәдийселерден биреўи де шетте қалған емес.

Шайырдың «Терис қайтқан» шығармасы да усындай итибардан шетте қалдырымаған ўақыяны сүўретлеген сатиралық қосықларының биринен есапланады. Қосықта молла Мәмбет деген адамның суўпы болғанлығы, бирақ оның жолы бойынша еле суўпылыққа ертелеў екенлиги, соған қарамастан ийшанға қол берип, суўпы болдым деп той бергенлиги, бирақ оның ислеп жүрген ҳәрекетлери суўпылыққа оншы жараспайтуғынлығы әшкараланған.

Мола Мәмбет суўпы болды,

---

[32] Абдугафуров А. «Науайы сатирасы» 1-китап УзССР. «Фан» баспасы Тошкент 1966-ж 93-бет

Қыя таслай және жолды,

Биреў емес, екеў болды,

Жасы жетпей терис қайтқан.

Суўпылықтан таўып маза,

Көп намазын етти қаза,

Биркешшелер жеди ыза,

Жасы жетпей терис қайтқан.[33]

Шайыр молла Мәмбет типиндеги қандай да болмасын артықша кемшиликти бетине басады. Ол дәўирде суўпы болыў аңсат болмаған. Суўпылықтың небир қыямет кеширмелери бар, ол миннетлемелерди әнейи адамлар орынлап жүре алмайды. Егер суўпылық ўазыйпаның жолына туўры аяқ баспаса, олар гүлли гүнаға бататуғын болған ҳәм пириниң жүзине дақ салып, қыяметте тирисинде суўпысының ислеген гүналары ушын жуўап беретуғын болған. Сол ушын суўпыларды садық адамлардан, суўпылық жолды туўры тутып жүре алатуғын адамлардан таңлап алған ҳәм суўпының өзи де буны жақсы сезетуғын болған.

Ал Бердақ сатираға алған Мәмбет суўпы бул жолды туўры тутып жүре алмаған болыў керек. Сонлықтан да оның кемис қутығын мудамы сезип жүрген шайыр аямай-ашымай Молла Мәмбетке суўпы болғаннан аяқ жолды қыя таслаған, биреў емес екеў болған, мениңше үйленген болыў керек. Енди усы жерде мусылманшылыққа бир нәзик жери, суўпы болған соң ол адам ҳәмме айшы-әширетлерди қысқартыўы, тек қуданың жолы деп дәрет алып, намаз оқып, ораза тутып таза жүриўи талап етиледи. Ал, Мәмбет молла екеў болды, - дейди. Мүмкин ол үйлендиме? Ким биледи. Екиншиден «Көп реет намазларын қаза еткен», оқымай қалған. Бул суўпы ушын кеширилмейтуғын гүнә. Ол ушын «бирнешелер жеди ыза» дейди. Әлбетте оның ҳәр бир мусылманшылықты бузған жолы ушын биринши реет пири ыза шегеди. Нсаз молланы суўпылыққа алғаны ушын қыйналады.

Той бердиң шақыртып халықты,

Шығардың суўпы атақты,

---

[33] Бердак «Танламалы шыгармалары» 102-бет

Адамлар салды шатақты,
Жасы жетпей терис қайтқан.

Ойласаң ой көп табылар,
Байраққа атлар шабылар,
Исиңнен халық лап урар,
Жасы жетпей терис қайтқан.[34]

Молла Мәмбет өзиниң суўпы болғанлығын халыққа анық билдириў мақсетинде той берген. Бираң көпшилик оған наразы болғанлығы қосықтан белгили болып турады. Себеби, молла Мәмбеттиң ҳәрекетлерин аўыл адамлары бурыннан билетуғын болса керек. Сонлықтан да оған халық оған нагүман менен қараған. Буны анық сезген шайыр:

Мениң сөзим халықтың сөзи,
Адамға жағар ҳәр иси,
Көрсин буны халықтың көзи,
Жолдан шығып терис қайтқан.

Молладан ҳәммеге нышан,
Сизиң пир Қарақум ийшан,
Жолына түсерсең қашан?
Тийкарынан терис қайтқан.[35]

Шайыр ең кейнинде анығын айтқан. «Мениң сөзим халықтың сөзи» - деп дуйым журттың Мәмбет молланың суўпы болғанына шеек қойылып адамлардың исенимсизлик пенен қарап отырғанын бетине басып, «Сизиң пириңиз Қарақум ийшан, олардың талап еткен жолына қашан түсесең» деген талап қойып ашшы күлкиге алады.

Классик шайырларда сатира жаратыўда бир әдис болған. Олар күлкини қайсы тәрепке қарататуғынын, қәйткенде халық оларды қуўатлайтуғынлығын алдын ала жақсы аңғарып алатуғын болған. Сол ушында уллы орыс сатирги Салтыков Щедрик сатираға факт етип алған

[34] Бердак «Танламалы шыгармалары» 102-бет
[35] Бердак «Танламалы шыгармалары» 102-бет

материалда сатирик нении «қамшылаў» кереклигин, нении «қуўатлаў» кереклигин билмеген сатириктиң ҳалы оғада ашынарлы болады, - дей келип: «Ҳақыйқатында … сатира ҳақыйқый сатира болыўы ҳәм мөлшерленген нышанға тийиўи ушын ол бириншиден сатира дөретиўшиниң идеалын оқыўшыға жеткизиўи, билдириўи керек, екиншиден, өз найзасы қайсы предметке қарсы қаратылған болса, оны жүдә рәўшан ақлаўы лазым».[36]

Бердақ шайырдың «Терис қайтқан» шығармасына уқсас ҳам жақын жазылған шығарма ретинде Садық шайырдың «Порханлар» қосығын келтирсек болады. Бул қосықта да Йишан менен молладан тәлим алған порханлардың «Бисмилла» деп сөз әўелин баслап, Китап ашып жалған қорра таслап, өз нәпси ушын шәрият деп жар салып, илми ғайып сөзди айтып, бай, молла, йишанлардан үлгилер алып, халықты көп алдап, журтты, адамларды қыянет ислеп бузып, жүрген жерин қарап еткен, халықларды теспей сорыған, сулыў ҳаялларды көрсе, өзин услай алмай, бузықшылық ислерге қол урыўдан жеркенишли ҳәрекетлери астиралық бағытта өткир сынға алынады. Мәслен,

«Бисмилла» деп сөз әўелин баслаған,
Китап ашып жалған қорра таслаған,
Көширме деп мал семизин услаған,
Халықларды көп алдаған порханлар,

Тәлим алып ийшан менен молладан,
Жәдигөйлер қуры тилин жоллаған,
Қуллық пенен ҳаялларды алдаған,
Сондай қыянатты қылған порханлар.

Көширме деп алып кеткен далаға,
Ҳаялын көрсетпей күйеў балаға,
Ул бердим деп жетеклеген қораға,

---

[36] С.Щедрин (М.Е.Салтыков) Полн.собр.соч. Т.У.М. 1937, стр 375

Жалғаншылық етип жүрген порханлар.[37]

Демек, Садық шайырдың бул қосығында диний жолға берилип, ҳәр қыйлы жағымсыз, ерси ис-ҳәрекетлерди қылып жүрген порханлардың халық арасындағы адамлар менен қарым-қатнаслары, мүнәсебетлериндеги жеркенишли қылықлары, ҳәр қыйлы сүўретлениў усыллары арқалы реал жаратылған. Бердақ шайырдың «Терис қайтқан» шығармасында динге ҳақыйқат берилген усап, ийшанға қол берип суўпы болған Молла Мәмбеттиң аяғын қыя таслап, жолды бузып, көп намазын қаза етип, оның усындай ҳәр қыйлы ҳәрекетлеринен бир неше адамлардың ыза шегиўи, Адамлардың шатақ салыў сүўретленген болса, Садық шайырдыңда «Порханлар» қосығында усындай диний жолда жүрип халықты, адамларды бүлдирип, алдап, ҳәр қыйлы көп затларын алып, жүрген жерин қарап еткен Порханлар сатираға алынған. Бердақ пенен Садық шайырлардың бул шығармаларындағы усаслық, жақынлық бир-бири менен байланыслылық тәреплери сонда қосықларда тийкарынан диний жолда жүрген айырым инсанлардың бул кәраматлы жолда ҳәр түрли гүнә ислерди исленгенликтен олардың ерси, жағымсыз, жеркенишли қылықларын сүўретлеў арқалы олардың унамсыз образ ҳәм характерлерин көркем анық реал жаратыўында.

Улыўма жуўмақластырып айтқанда, Бердақ пенен Садық шайырлардың бир-бирине усас, жақын байланыслылыққа ийе болған шығармалары көплеп ушырасады. Ал, бундай шығармалардың бир-бирине байланыслылықларын анықлап изертлеў әдебияттаныў илими ушын зәрүр болып табылады.

[37] Нурымбетов С «Шыгармалары» I том «Каракалпак мамлекет» баспасы Нокис 1960, 54-55-бет

**Өтеш ҳәм Садық шайырдың сатиралық шығармаларының өз-ара байланысы**

XIX әсирдеги шайырлар Кунхожа, Бердақ, Әжинияз, Өтеш өз дөретпелеринде сатиралық образ жаратыўға айрықша кеўил бөлди. Олар турмыстың айырым унамсыз тәреплерин: жаманлықты, зулымлықты, наданлықты, инсапсызлықты, ашкөзликти сатиралық пафос пенен жырлайды. Турмыстағы жәмийеттеги улыўма инсанийлық қәсийетлерге, талапларға, әдеп-икрамлылық нормаларына уғрас келмейтуғын унамсыз көринислерди, ҳәдийселерди, минез-қулықларды, ис-ҳәрекетлерди өткир тил менен әжиўа қылады. Шайырдың дөретиўшилигинде усындай унамсыз жағдайларды сатиралық образлар менен көрсететуғын көп санлы қосықлар пайда болады. Нәтийжеде сатиралық сүўретлеў тенденциясы қәлиплесип, ол жанрлық ағымға айналады.

Қарақалпақ сатирасын арнаўлы изертлеген илимпаз Ю.Пахратдинов өзиниң бир қатар мийнетлеринде классик шайырлардың сатирасына кең түрде тоқтап өткен. Сатиралық шығармалар қарақалпақ классикалық поэзиясының үлкен бир бөлегин қурайтуғынын ол Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш шығармаларын кең таллаў арқалы көрсетип береди.

Биз бул мийнетимизде Өтеш шайыр менен Садық шайырдың сатиралық шығармаларының бир-бири менен байланыслылықларынқосықларды таллаў арқалы анықлаўға урынамыз.

Сатиралық шығармалар ҳәр дәўирде ҳәр түрли мазмунда болған. Ал, бизиң заманымызда көбирек айырым адамлардың минезиндеги, ис-ҳәрекетлериндеги кемшиликлерди әшкаралаўшы шығармаларды сатиралық шығармалар деўге болады. Шынында да бизиң поэзиямыздағы сатираның идеасы усыннан келип шығып атыр. Бул жағдайда С.Нурымбетовтың юмор-сатиралывқ шығармаларынан айқын сеземиз.

Ҳәр бир шайырдың өзине жақын темасы болады ҳәм оның сүўретлеў усылы болады. Егер усы жағын есапқа алсақ онда С.Нурымбетов юмор-сатираға жақын шайыр болды. Ол әдебият майданында юмор-сатиралық қосықлары менен бирден танылып көринди. Оның юмор-сатиралық қосықларынан басқа қосықларында да юморлық стилдиң көшли екенлиги сезилип турды. С.Нурымбетовтың дөретиўшилик жумысы усы жанрдағы шығармалары менен басланды. Оның 20-жыллардың басында «Жаңаберген», «Рахманберген менен айтыс», 30-жылларда «Шаңбай», «Ат саўдасындағы алдаўщыларға қарсы», «Жалқаўларға», «Бизлерден

хабарың жоқ», «Порханлар», екинши жер жүзлик урысы жылларында «Күш көликлерден арза», «Шалғай болмаң ҳәр иске», «Гөрномхоз басшыларына», «Баслық Нурымбет», «Ерманов ҳәм Ниязов», «Баслық Қурбанбайға», «Баслық Тәңирбергенге», «Шуғылларға» ҳ.т.б. сатиралық шығармалары жазылады.

Қарақалпақ классикалық әдебиятында үлкен орны бар, көркем әдебиятта сатираның ҳәм юмордың раўажланыўына салмақлы үлес қосқан талантлы шайырларымыздың бири Өтеш шайыр болды. Оның сатиралық шығармаларын оқый отырып, шайырдың ойы, идеасы XIX әсир сыбайлас ҳалда дөретилгенлигин көремиз.

Өтеш сатираларында жәмийетте жүз Берген адамлар характерлериндеги жеке күлкили жағдайларды аяўсыз әшкаралағанының гүўасы боламыз. Биз басқа шайырлдарда Жийен, Күнхожа, Әжинияз т.б. творчестволарында көпшилик жағдайларда сатиралық типлер улыўмалық характердеги ўақыяларды түйреп, шаншып жеке адамлар бойындағы күлкили жағдайларды жеке-сийрек әшкаралағанын көрдик. Ал, Өтеште сатира тупа-туўры өз аты менен белгили бир адамға қаратылғанын байқаймыз. Бул шайырдың сатираны қорықпастан жеке жағымсыз иллетлерге қолланылғанынан дәлалат береди. Ол өтештиң жеке өзи де батыр, турақлы, қайтпас, қайсар адам болғанлығын билдиреди. Шайыр анаў-мынаў етип сыйпаламаған, тартынбастан ашық, анық сен деп сатираға аты менен бир ҳәм бир неше адамға қаратқан. Шайырдың «Нуратдин», «Шерменде», «Яңлыды», «Қарыз алма», «Ур», «Сәўмеймен», «Изимбет», «Қәдир молла», «Не қылдық» ҳ.т.б. сатиралық шығармаларында сатира туўры белгили бир адамларға қаратылып, сол жеке адамлар типиндеги, образындағы унамсыз пасық қылықлар күлкиге алынады.

Оның «Яңлыды» қосығында Өтеш Ермекбай қусаған ойсыз, кеўлине не келсе сонны жөн деп билетуғын айырым мал-ҳаллы адамлардың өзинен басқаны адам есабына алмай азаплап, жумысларын ислетерде ислетип, ҳақысын бермей, тамағына қарамай, үйинде жатқармай, гүди-топанда жатқарып қойғанлығын, үйсиз, жайсыз дийханларының қорланып жүргенлигин өлтире күлкиге алады.

Өтеш өз дәўиринде ҳәр бир адамға жеке сын менен қарап баҳа Берген. Көпшиликти көп көрген шайыр заманның тәғдири менен адамлардың тәғдирин салыстырып қарап жуўмақ жасаған.

Бул заманда адамлардың,
Биразы адам яңлыды,
Бул заманда адамлардың,
Биразы доңыз яңлыды,

Биразлары қәдириңди билмес,
Ўәдесине тайын келмес,
Яқшы менен бас қосып жүрмес,
Тымсал, тәкаббир яңлыды[38]

Қосықтың мазмунына сер салсақ, Өтеш жасаған жәмийетте айырым адамлар пейлиндеги турақсызлық қәсийет әшкараланады. Адам деген атақты алып жүре бериўи мүмкин, бирақ ҳадалый инсанлық парызды өтей алмаўы итимал. Буны қашшан сезген шайыр адамлар арасындағы келисиксиз қатнасықлардың жүз берип атырғанын ҳәммелерден ерте аңғарғанлығын көремиз. Биреўлер қәдимги адамгершилик парызды дурыслы алып барып, әтирапы менен жақсы қатнаста болса, биреўлер ҳәр кимди алдап, өтирик айтып, уў жалап, әтирапындағыларды бүлдирип, кеўлине не келсе сонны ислеп, доңыздай ҳәр кимди сөз бенен жарып, қопаллық етип жүргенлигин бетине айтып әшкара етеди.

Тәккабирликти көп тутып,
Өтирикти айтып уў жутып,
Қудайыны умытып,
Бираз адам мал яңлыды.

Бәлки алсаң Ермекбайды,
Нәзери күн менен айды,

---

[38] Отеш Алшынбай улы «Танламалы шыгармалары» ККМБ, Нокис 1962, 24-бет

Ойламас олай-булайды,

Еткен иси ийт яңлыды[39]

Жәмийетте ҳәр қыйлы типтеги адамларды ушыратамыз. Жәмийетте қанша адам болса, сонша минез, характер, психология бар. Олардың минезлери бир-бирине усамайды. Жаманлар ишинде жаманлар болады.-дейди шайыр «мал, ийт яңлыды». Бул шайыр тилинде әнейиде шыққан нәрсе емес. Шайырдың ҳәмме нәрсеге шыдамлы түўесилип, қайта-қайта ол адамларды сынақтан өткерип болып сондай жаман атақ тағып отырғанлығын билемиз. Болмаса Өтеш қусаған Күнхожа, Әжинияз, Бердақлар мойысынғанг талант ийелери тегинликте адамларға «мал, ийт» деп өз шығармалары арқалы баҳа Бере бермейди. «Мал, ийт» сатираның шынға шыққан ғарғысы. Енди ондай типлерден адамлар арасын тек тез тазалаў қалады.

Сол ушын әдебият теориясында сатира дегенимиз – көркем шығармалардың ҳәр түрли формаларында (роман, повесть, қосық, гүрриң, пьеса) жәмийеттеги ҳәм адам өмириндеги унамсыз қубылыслар, унамсыз характерлер үстинен күлиў ҳәм оларды әшкаралаў[40] деп белгиленген. Сатира тек унамсыз қубылыслар, ҳәрекетлер үстинен күлип ғана қоймайды, оларды аяўсыз езеди, күлкиниң табанына салып майлайды, унын шығарып женшип, унамсыз жерин қырып алып таслайды. Сонлықтанда күлки сатираның баслы өткир қуралы болып табылады. Әне сол күлкини Өтеш шайыр Ермекбай типиндеги ипласлықлар үстине қарай аяўсыз айдаған. Ермекбай образын жаратарда шайыр оның бойындағы ҳәр түрли формадағы жаман жағдайларды терең изертлеген, билген, үйренген. Ол бай адам, ҳәмме жағдай жетилискен. Өтеш аўылдағы мине усындай сықмар байлардың бири Ермекбай ҳаққында сөз етип, оның байлық топлап сол байлығынан аш-әптада халыққа қарызға да бермей, жоқ деп отырғанлығы ушын Ермекбайды айыплайды. Ол усындай унамсыз типтеги бай. Ол ушын тек дүнья керек.

Өтеш шайыр Ермекбай типиндегижағымсыз қаҳарманлардың ҳәр түрли өзгешеликлерин қосықта өткир тил менен, көркем сүўретлеў қуралларынан шебер пайдаланған ҳалда сүўретлейди. Яғный, Өтеш бул айтылып атырған лирикасында тийкарынан теңеўлерди көп қолланады ҳәм усы теңеў арқалы Ермекбайдың өзине тән болған унамсыз образ ҳәм

---

[39] Отеш Алшынбай улы «Танламалы шыгармалары» ККМБ, Нокис 1962, 24-бет

[40] Л.И.Тимофеев, И.Н.Венгеров «Краткий словарь литературоведческих терминов» Москва 1958, стр 131

характерин жаратады. Өтештиң усы қосығынан шебер ҳәм тәсирли қолланылған теңеў ретинде «Мал яңлыды, ийт яңлыды» ибараларын келтириўге болады. Шығармада барлық жаман ерси қәсийетлерди, қылықларды, ис-ҳәрекет ҳәм қарым-қатнасларды өз бойына сиңдирген Ермекбай шайыр тәрепинен терең қәҳәрлениўшилик пенен малға, ийтке теңеледи.

Усы теңеў арқалы шайыр Ермекбайдың унамсыз жеркенишли образ ҳәм характерин көркем анық реал ашып береди. Усындай теңеўлердиң шығармада оғада тәсирли ҳәм шебер қолланылғанлығын биз Садық шайырдың да поэзиясында ушыратамыз. Бул шайырдың «Жаңаберген» атлы поэзиясында тийкарынан Жаңабергенниң жағымсыз, унамсыз ҳәрекетлери, мүнәсебетлери малға теңеледи. Шайырдың өз қосығында қолланған бул теңеўди көрип биз оның Өтеш шайырдың сатиралық шығармаларын қунт пенен оқып, үйренип, анализлеп, өзине көп тәжирийбелерди топлағанлығын сеземиз. Мәселен:

Қайтпайтуғын көр екенсең,
Бир ақмақша бар екенсең,
Сыйласықты билмейтуғын,
Сенде жүрген мал екенсең[41]

Усындай Ермекбай ҳәм Жаңаберген сыпатындағы адамлардың теңи «мал, ийт» деп шайырлардың жуўмақ шығарғанлығын олардың лирикаларын оқыў арқалы көрип билемиз. Әлбетте бул процесс Өтеш пенен Садық шайырлардың сатиралық шығармаларының бир-бирине байланыслылығынан, сүўретлеў усылларының оғада уқсаслығынан, жақынлығынан дәрек берип тур.

Сондай-ақ, Өтеш шайырдың «Шерменде» қосығы да сатиралық шығарма болып, өзи менен теңдей жасаған мүсәпир, аш-жалаңаш, күнликшилик етип күн көрип жүрген бийшара адамларды сонша күн, сонша жыл есигинде жумсап, ис ҳақысын әне беремен, мине беремен деп алдап жүрген Изимбет деген молласымақтың әдалатсызлығына қарсы жазылған.

Халық шайырларының өзине тән жазыў стилине муўапы фактти майдалап, бөрттирип бериў усылы менен Өтештиң «Шерменде» қосығын жазғанлығын көремиз. Қосықта шайыр

---

[41] Нурымбетов С. «Шы2армалары» I том «Каракалпак малекет» баспасы 1960-жыл 19-бет

Изимбеттиң минезиндеги келисиксиз жеке қәсийетлерди бирим-бирим таллайды, оның ел арасында ислеп жөнсизликлерин майдалап түсиндиреди.

Сықмарлық ҳәм дүньяпаразлық адамдағы ең жексурын қәсийетлердиң бири. Ол адамды адамлардан айырып туратуғын өли қәсийет. Сықмар адам ушын әтираптағы жақсы дос, жақсы ағайынлер көринбейди. Оған тек жеке өзинен шығып атырған шығын ғана көринеди. Дүньяпаразлықта сықмарлық пенен теңдей. Егер сықмар болмаса дүнья жыйналмайды. Олардың бир-биринен парқы сықмарлық өзинен ҳеш нәрсе бермейди, шығармайды. Ал дүньяпаразлық – бул арсызлықтың жоқары түри. Ҳәмме ар-уяттан кешип, қәле-қәлеме алып жыйнаўға қәбилети зор келеди. Ол тек ғана өзине түскенди мәп көреди. Байлық топланған сайын семииреди. Сықмарлық пенен дүньяпаразлық егиз есабы. Мине усы үлкен еки жаман қәсийет молла Изимбеттиң жеке характерине сиңген адамгершиликсиз, турпайы белгилердиң биринен есапланады. Шайыр соның ушын оны сатираның қырлы шөккиши менен тоқпақлаған. Унамсыз қылықларын бетине басып ҳақыйқатында шермендесин шығарған.

Өлейин деген күниң жоқ,
Байлықтан ҳасла миниң жоқ,
Ҳақы бермеўден басқа жиниң жоқ,
Изимбет болдың шерменде[42]

деп ҳал жағдайы жақсы болыўына қарамастан, жумсаған адамларына ҳақысын бермей зар еңиретип қойғанлығын айтады. Адамды есигинде ким жумсайды, әлбетте зыят исленетуғын жумыс бар, хожалығының адамлары қанша ислегени менен күши жетпейтуғын ҳәўли-ҳәреми, жери, малы зыят байлығы бар адам хызметкер жумсайды. Инсаплысы болса, сол ўақытта ҳақысын берип жибереди. Ал Изимбеттей сықмар, дүньяпараз адам болса, ҳәр кимниң ғарғысын алып, хызметкерлерин сегбир етип жүргизип қояды. Шайыр әне усындай Изимбеттей моллалардың унамсыз типлерин әшкаралайды. Адамды адам деп менсинбейтуғын минезин күлкиге алады, сатираның отына өртейди.

Дийханның ҳақын бермесең,
Адам шелли сен көрмесең,

[42] Отеш Алшынбай улы «Танламалы шыгармалары» ККМБ, Нокис 1962, 31-бет

Рахмет хызметкер демесең,
Адам жүрерме шерменде.

Шерменделик күтә уят,
Бир исиңнен бир исиң зыят,
Бәрқулла айтып өзиңе ғыйбат,
Билдирдиң өзиң шерменде,

Жигит болсаң бир ыңғай жүр,
Ойлаған сөздиң парқын бил,
Зар гирян болып манаўбай жүр,
Ҳақысын бермей шерменде [43]

Шерменде деген мөздиң өзи адамға тегинликте айтылмайды.

Шерменде сози – дуйым журтка, белгили бир топарга, бир уйымга, семьяга маскара болдык, ар-уятын жок, кисиге карарга бетин жок адамсан, жаман нарсе ислеп койгансан - деген ен аўыр соз. Шайыр буны Изимбетке тегинликте танбаган болыуы керек. Соган Караганда Изимбет хадден тыскары жаман нарселерди ислеуди токтатпаган шыгар. Сонын ушын Отеш каты кахаре келип, оны халык алдында айыплап ислеген унамсыз ислерин бетине басып, оңбағандай сөзлер айтқаны соннан болған болыўы керек.

Өтештиң «Шерменде» сатиралық қосығы ҳақында әдебиятшы илимпаз А.Каримов төмендегидей дейди:

«Изимбет» астирасында шайыр әшкөз байдың жарамсыз қылықларына күледи ҳәм оның әшкөзлигин, дүньяға көзи тоймайтуғынын әшкаралайды. Изимбет – балықшылардың ишинде қурғын, бай хожалық, дийханшылык пенен ямаса мал шаруашылыгы менен шугылланатугын байлар галленин хам малдын есабынан байыса, ол Изимбет жарлыларга балык аулатып сонын

[43] Отеш Алшынбай улы «Танламалы шыармалары» ККМБ, Нокис, 1962, 31-бет

есабынан байыган адам. Сондай-ақ, Изимбеттиң байлығы ата-бабасынан мийрас болып қалған[44] дейди.

Шайыр Изимбет образындағы сықмарлық, ашкөзликтиң бир белгиси сыпатында оның характериндеги өзиниң байлығын өзине жумсайтуғынлық тәреплерин айтып шермендесин шығарады. Оны халыққа қарайтуғын бети жоқ деп әшкаралайды:

Жаз болса жедиң қарамық,
Уят емеспе сорамақ,
Ишкениң басалй быламық,
Бул исиң қалай шерменде.

Молла болсаңда мәзқапсаң,
Адам екенсең әдепсиз,
Балаларың өсти тәртипсиз,
Бериң ҳақысын шерменде[45]

Отеш шайырдын бул сатирсаныа жақын ҳәм уқсас жазылған шығарма ретинде Садық шайырдың «Шаңбай» қосығын алсақ болады. Себеби Өтеш өз сатирасында молла Изимбеттиң минезиндеги өзине тән болған сықмарлық, ашкөзлик, дүньяпаразлық ҳ.т.б. өзгешеликлерин сүўретлеў арқалы оның унамсыз образ ҳәм характерин ашып берсе, Садық шайырда аўылдағы Шаңбай деген кисиниң ҳалының қурғын болыўына қарамастан өз хожалығына, үйине қалаберсе өзиниң үсти басына қараўға байлығын көзи қыймай пасмандасы шығып жүргенлигин сатираға алып, оның жағымсыз образ характерин ашады: Мәселен:

Сөз қысқасы бәрин айтта, бирин айт,
Үстиндеги кийиминиң кирин айт,
Пасмандалық тазалықсыз түрин айт,
Болмаса дым қурғын ҳалы Шаңбайдың[46]

---

[44] Каримов А. «Отеш шайырдын омири хам творчествосы» «Каракалпакстан» баспасы Нокис 1984-ж 59-бет
[45] Отеш «Танламалы шыгармаллары» 32-бет. ККМБ Нокис 1962
[46]С.Нурымбетов «Шыгармалары» «Каракалпак» баспасы, Нокис 1960, 37-бет.

Садық шайырдың бул поэзиясында Шаңбайдың минезиндеги ҳәр қыйлы жағымсыз ерси қылықлары ашшы тил менен айтылады. Яғный сонша бай-дәўлетли болса да Шаңбайдың үйин, уясын байлығын азғана жумсап таза, азада, кирсең шыққысыз, көўил ашарлықтай етип қойыўға да сықмарланып, Шаңбайдың өз үй ишиниң ықшыўатын кашырып отырғанлығы, керги, сабаяқ ҳәм дәстүрханларының адам услап болмайтуғын дәрежеде Кир, жыртық болса да тазаға өзгертпей пайдаланып отырғанлығы шайыр тәрепинен поэзияда өткир сатираға алынып жырланады. Демек, Отеш пенен Садық шайырлардың бул шығармаларындағы байланыслылық тәреплери сонда, олардың реал ҳалатларды, жағымсыз қылықлы адамдлардың минезиндеги ҳәр түрли өзгешеликлерди сатиралық сүўретлеў усыллары, образ ҳәм характерлерди көркем анық тәсиршең етип жаратыўлары бир-бирине оғадла уқсас ҳәм жақын көринеди.

Сондай-ақ, Өтеш шайырдың «Нуратдийн» қосығы да оғада күлкили болып жазылған шығармалардың бири. Онда аўылдағы Нуратдийн деген молла адамның ерси қылықлары күлкиге алынады. Ол өзи белгили дин ийеси бола турып, жаман сөзлерди айтатуғынлығы, өтирик сөйлейтуғынлығы, ҳәр үйге кирип өтирик қуран оқып, ҳәр кимге ийман айттырып, түрли нәрселерди билгени менен үйние хеш қандай қонақ алмайтуғынлығы, өзи оңлап сөйлей алмай, сөзлерин былжырататуғынлығы, соған қарамастан өзин беглердей тутатуғыны, ҳәр қыйлы жоллар менен адамлардан күн ара бир қой алатуғыны, үстине елтири тонын кийип алып, қурбанлық қалдырмай барып, тери жыйнап алатуғыны, үш жүз отыз бес қойы барлығы, соның арқасында бузылып жүргенлиги, сулыў қызларға жымыңлап жақсы көрсин, көрмесин, қол салатуғынлығы, Кемал деген адамның ҳаялын бузғанлығы, сөйтип жүрип Кәбаға кеттим деп кетип баратырып урлық етип масқарасы шыққанлығы, келинлерине де асыла беретуғынлығы, минезиниң пасықлығы арқалы дуйым журтқа масқарасы шығып жүргенлиги, ҳақыйқый бузақы молла Нуратдийн екенлиги сатиралық бағытта сүўретленеди.

Өтеш шығармасын баслаўдан-ақ, гейпара Нуратдийн қусаған дин ийелериниң жаман қылықларынан баслайды. Әзелде қарақалпақ халқы дин ийелерине айрықша хүрмет көрсеткен. Бирақ усы Нуратдийнге уқсаған айырым пасық минезли дин ийелериниң себебинен, жаманлығынан улыўма жазықсыз, ҳақ нийетли молла, ийшан, ахунларға да сөз тийип отырған. Бул бурын да, ҳәзирде де ҳәр бир заманда жәмийетте, бир кәсип ийелери арасында жийи

болмаған менен анда-анда ушырасып қалатуғын унамсыз қәсийетлердиң бири екенлигин ҳеш ким жасыра алмайды.

Қосықта шайыр Нуратдийн образын жаратарда соған уқсаған көп моллалар типин бир сюжетке жыйнаған. Ол тек әпиўайы адамларға ғана емес, мусылманшылыққа да жатпайтуғын, ислам дининиң заңлықларына да туўра келмейтуғын нәрселерди ислейди. Нуратдийн сөгинеди, өтирик сөйлейди, келинине қол салады, Кәбаға баратырып урлық-ғарлық етеди. Буның бул ислеген ислери ислам дининиң шараятларына ҳеш қашан да туўра келмейди. Сол ушын шайыр Нуратдийнди тегинликте әшкараламаған. Ол мусылманшылық жақтан да, адамгершилик белгилери жағынан да ерси қылықлар ислеп, халыққа жақпағаны ушын күлкиге алынған.

Аўылымызда даң молла,
Айтатуғыны бәрҳа олла,
Жалған айтып неше жола,
Даң молламыз Нуратдийн[47]

Шайыр Нуратдийн минезиндеги, пейлиндеги жүрис турысындағы унамсыз қылықларының барлығын ашып таслаған. Ол сырттан қарасаң бир мулайым, ҳеш ким менен иси жоқ бир молладай көринеди – дейди. Ал оған жақынлап, ишине үңилиңкиреп қарасаң «Қасқыр киби азыў тисли, сөйлесе арқасы қозып кететуғын, қыйяық қыяллы, барып турған ури, қатын пурыш, бузақы Адам» екенлигин айтады.

Қосықта Нуратдийнниң халыққа күлки, масқара болған және бир унамсыз нәрсеси ҳаял-қызларға болған ҳәдден тыс бузақылығында екенлигин шайыр адайыда шөкелеп көрсетеди. Мәселен:

Жас қызларға қолын салып,
Сулыў оның есин алып,
Халық билмей ынтығып барып,
Зордан шыққан Нуратдийн.

---

[47] Отеш «Танламалы шыгармаллары» 27-бет. ККМБ Нокис 1962

Сөйлесе арқасы қосған,
Жүйрик болып кимнен озған,
Кемалдың ҳаялын бузған,
«Мақсым аға» Нуратдийн.

Ойламастан өлиминди,
Жайыў ушын билиминди,
Анаў күни келининди,
Әўереледиң Нуратдийн[48]

Әдебиятшылар теңсизлик басым жәмийетте айырым адамлардың ҳаял-қызларға болған мүнәсебетин айта келип, оларды (ҳаял-қызларды) адам қатарына теңгермеген гейпара бай феодалларды аяўсыз әшкаралаўыда мине усы Нуратдийндей адамлардың сатираға жжем болыўында көринеди.

Гейпара бай адамларды шайырлдар көп қатын алыўшылықта, ҳаял-қызларға азап бериўде, бирин таслап екиншисин алыўда, қалай болса солай малға жығып, сатып алмастырып алыўшылықта айыпласа, енди Өтеш шайыр Нуратдийнди қатықтайц уйып турған биреўдиң семьясын бузыўда айыплайды. Бул Өтештен басқа шайырларда дерлик гезлеспейтуғын факт. Бирақ ел арасында усындай бузақылық нәрселер, фактлер гейде болып туратуғынлығы тәбийғый процесс болғаны менен, оларды көркем шығармада Өтештей етип көрсетиў жекке сийрек мәселе. Бул шайырдың сатиралық шығармаларға материаллар топлаўдағы шеберлигине байланыслы. Шайыр сатиралық образды дөретерде турмыслық фактлерди, ўақыяларды дурыс таңлай билиўи лазым. Сонда материал өзиниң бағытын дәл табады, өткир келеди, күлкили болады, оқыўшыны өзине еркин тарта биледи. Өтештиң Нуратдийн сатиралық қосығында сыйыспайтуғын ўақыялар жоқ. Автор бир адам әтирапында оның характеринде, психологиясында заманға адамгершиликке сай келмейтуғын ҳәдийселерди сатираға тутып береди. Оған, Нуратдийнге, мине мына жерлерин атына, атағына, елимиздиң дәстүрине, мәдениятына, қала берди ҳәмме тәжим етип атырған мусылман бенделерине тәртибине

[48] Отеш «Танламалы шыгармаллары» 28-29-бетлери. ККМБ Нокис 1962

датпайды деп масқаралап, ҳәр бир қылығын бетине бажырайтып басып күледи. Оның алдында Нуратдийн тыпжый алмай қалады. Себеби, шайыр жасырын ямаса астарлап ҳеш нәрсе айтып атырған жоқ. Ҳәмме нәрсени, Нуратдийнниң өзиниң қолы менен биле турып ислеген иплас ислерин ашық айтып турыпты. Автор Нуратдийн ҳаққында барлық фактлерди адамларға толық жәрия қылып, оның абырайын толық төгип болып, енди бундай адамларға қандай мүнәсебетте болыў кереклиги жөнинде утымлы жуўмақ жасайды:

Бузықтың халық жүзин көрме,

Усындайға семсер серме,

Баяғыдай сәлем берме,

Бузылыпты Нуратдийн[49]

Өтештиң бул сатиралық шығармасы өз заманында көп нәрселердиң тыйым салыныўына жол ашқан болыўы мүмкин. Керисинше шайырдың Нуратдийндей адамлар қатты жек көрген болыўы да итимал. Деген менен шығрам ўақтын конкрет фактлерге қурылған сатираның әжайып үлгилерин көрсететуғын қосық болып тарийхта қалғанлығының бүгинги аўладлар гуўасы болып отыр.

Садық шайырдың «Порханлар» шығармасын Өтештиң Нуратдийн шығармасы менен оғада уқсас, жарып байланысқа ийе дөретпе ретинде көрсетиўимизге болады. Себеби, бул еки қосықта да айырым адамлардың дин жолына берилип, бул жолды халыққа пайдалы емес, ал өзлериниң зыян, жеркенишли, бузықшылық мәнилерине пайдаланып, елди бүлдирип бузып жүргенлиги сатиралық бағытта жырланады. Садық шайыр бундай бузық инсанлардың диний тәлийматларды өзлериниң жағымсыз нийетлери жолына пайдаланғанлығын сол дәўирлердеги зикир салып, китап ашып адамларды емлейтуғын порханларда анық көрип, оларды сатираның қамшысы менен сабалайды. Яғный, бул дөретпеде порханлардың дерлик барлық адам шыдап болмас дәрежедеги унамсызщ ҳәрекетлерин айқын сәўлелендиреди. Порханлардың ийшан менен моллалардан тәлим алса да, халықты бүлдирип, алдап, көп қой жанлықларын малларын алғанлығын, өзинен-өзи қутырып, сулыў ҳаялларды көрсе шыдай алмай бузықшылық жолға берилгенлигин, алдына бир тырнаққа зар болып, перзент көре алмай жүрген ерли-зайыплылар

[49] Отеш «Танламалы шыгармаллары» 30-бет. ККМБ Нокис 1962

барған, келинди күйеў балаға көрсетпей, ул беремен деп қораға жетеклеўдей жеркенишли ҳәрекетлерин шайыр өткир қәҳәрлениўшилик пенен сатираға алады: Мәселен:

Халықты алдап өтириктен алымлар,
Наданлықтан пайдаланған залымлар,
Бундай сумрайлардан Аман болыңлар,
Айдарҳадай аўзын ашқан порханлар.

Көширме деп алып кеткен далаға,
Ҳаялын көрсетпей күйеў балаға,
Ул бердим деп жетеклеген қораға,
Жалғаншылық етип жүрген порханлар[50]

Шайыр өз дәўиринде порханлардың бундай жағымсыз қылықларына шетте қарап тура алмады. Себеби, халық дәртиме дәрман, аўырыўыма шыпа ем береди деп порханларға қатты исенген. Ал порханлар болса халықтың бундай исенимлеринен өз мәпи жолына пайдаланып оларды алдап, көп затын алып, бүлдириўдей ҳәрекетлерди, ислерди жүргизди. Садық шайыр порханлардың бундай ислерин, ҳәрекетлерин халыққа билдириўди, жәриялаўды өз миннетим, парызым деп билди. Сол себептен «Порханлар» атлы сатиралық шығармасын Өтештиң «Нуратдийн» қосығы менен байланыслылығы, уқсаслығы, жақынлығы сонда, бул шығармаларда да сол дәўирдеги айырым жағымсыз инсанлар тәрепинен жүргизилген анық, реал ҳәрекетлердиң сатиралық усылда бир-бирине жақын сүўретлениўинде ҳәм сатиралық образ ҳәм хараткерлердиң көркем анық, тәсирли болып ашылыўында. Улыўма айтқанда, Өтеш пенген Садық шайырлдардың бир-бирине жақын байланыслыќа ийе болған сатиралық шығармалары көплеп ушырасады. Олардың шығармаларын оқыў арқалы биз бул еки шайырдың да өз дәўириниң шебер сатирик шайырлары болғанлығын сеземиз. Олардың сатиралық шығармалырының бир-бирине жақынлығын, байланыслылығын изертлеў әдебияттаныў илими ушын зәрүр деп ойлаймыз.

[50] Нурымбетов С «Шыгармалары» I том «Каракалпак мамлекетлик» баспасы Нокис 1960, 54-55-бет

**Садық ҳәм Аббаз шайырдың сатиралық шығармаларының өз-ара байланысы**

Қарақалпақ әдебияты тарийхында XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басында дөретиўшилик пенен шуғылланған халықтың аўыр күн көрислеринен әдилсизлик ҳәм қыйыншылықлардан тәсирленип қосықлар жазған ҳәм усы халық турмысынан алып жазған қосықларын ел арасында оқып таратқан шайырлар халық шайырлары деп аталатуғынлығы мәлим. Бундай шайырлардың қатарына тийкарынан Сарыбай, Гүлмурат, Аннақул, Қулмурат, Бегжан, Сыдық, Әбдиқадир, Қудайберген, Жаңабай, Аббаз, Садық ҳ.т.б. шайырлар киреди. Мине усы шайырларымыз өз дөретиўшилик усыллары негизинде халықтың жасаў шараятларына, турмысына, өзлери жасап атырған заманға, дәўирдиң ҳәр қыйлы өзгешеликлерине байланыслы бир неше лирикалық шығармаларды жазып қалдырды. Биз бул жумысымызда сол халық шайырларының ишинде Аббаз Дабылов ҳәм Садық Нурымбетовлардың дөретиўшилигиндеги лирикалық өзгешеликлерин анықлаўды мақул көрдик.

Тийкарынан Аббаз шайырда, Садық шайырда өзлери жасап турған замандағы мийнеткеш халықтың қайғылы ҳәм қуўанышлы күнлерине сол дәўирдеги ҳәр қыйлы ўақыяларға, жаңалықларға байланыслы өз лирикалық шеберликлери арқасында бир неше қосықлар дөретип, сол қосықларын ел арасында қысса түринде оқыйтуғын шайырлар болған.

Садық шайырдың «Персинтим» қосығын оқығанымызда бул қосықта екинши жер жүзлик урысқа атланған жасларды шайырдың өз перзенти сыяқлы көргенлигин ҳәм оларға өзиниң баҳалы мәсләҳәтлерин бергенлигин сеземиз. Шайыр урыс дәўириндеги халық басына түскен мүсийбетли күнлерден, турмыс қыйыншылықларынан тәсирленеди ҳәм урыста жеңиске ерисиўдиң қәншелли зәрүр екенлигин, гүлленген шадлы турмысқа перзентлериниң қаҳарманлықлары, ерликлери арқасында жетисетуғынлығын шебер лирикалық сүўретлеўлер арқалы нәсият етиў формасында

Жеңистен шығады түрли жемислер,
Өзлери келмейди балам жеңислер,
Басқыншылық еткен бизге фашистлер,

Сен оларды қыйратып кел перзентим.

Қайтпайтуғын ер жүрекли батыр бол,
Душпанның қамалын бузып қолма-қол,
Мениң саған айтар нәсийҳатым сол,
Досларыңа қәўендер бол перзентим,

деп айтады. Усы тақылетте шайыр урысқа атланған перзенлериниң халық ушын, ел ушын аянбай хызмет етиў кереклигин, елимизге жаўыз нийетте атланған фашист душпанларды аямай қыйратып келиўлерин, олардың ана ўатанның қорғаны болыўларын қосықта терең уқтырады хәм жасларға оғада үлкен әҳмийетке ийе болған ақыл-нәсиятларын бериў арқалы сол урысқа атланған әскерлерди руўхландырады.

Ал, Аббаз шайырдың «Нәмәрт жигит неге дәркар» қосығында болса, халық ушын, ўатан ушын хызмет ислемеген, мийнеттен қашып, қолға жарақ алып урысқа атланбаған қорқақ, жалқаў, тайғақ жигитлердиң керек емеслигин астарлы түрде лирикалық формада сүўретлейди. Мәселен:

Халық ушын белин буўмаса,
Жигитте намыс болмаса,
Ўатан ушын туўылмаса,
Ондай жигит неге дәркар.

Өзине жаман ат тағып,
Қашып жүрген басын бағып,
Өз бетине күйе жағып,
Жүрген жигит неге дәркар.

Аббаз шайырдың бул қосығы Садық шайырдың «Перзентим» қосығына оғада уқсас жазылған. Тийкарынан бул еки қосық та урыс дәўирлеринде  ҳәтте екеўи де бир жылда (1943) дөретилген. Қосықларда айтылған гәплердиң бәри урыс дәўириндеги жасларға қаратылған. Садық шайырдың қосығында көбирек ўатан ушын урысқа атланған жасларға лирикалық усылда ақыл-нәсият берилсе, Аббаз шайырдың қосығында көбирек ел ушын хызмет ислемеген, мийнеттен, урыстан қашып жүрген қорқақ, нәмәрт жигитлердиң керек емеслиги айтылады. Садық шайырдың «Перзентим» қосығы урысқа атланған жасларды жеңис ушын руўхландырса, Аббаз шайырдың «Нәмәрт жигит неге дәркар» қосығы қорқақ, жалқаў, тайғақ жигитлерди ойландырады, тәсирлендиреди ҳәм туўры жуўмақ шығарыўға ийтермелейди. Бул шайырлардың қосықларында сүўретленген ҳәр қыйлы сезимлер, шайырлардың қосық дөретиўдеги лирикалық өзгешеликлери болып табылады.

Сондай-ақ, Аббаз шайырдың «Оспанов Аташқа» қосығында сатиралық усылда  Оспанов Аташтың жағымсыз ерси ҳәрекетлери лирикалық формада сүўретленип, оның халық алдында пахта планын толық орынлаймыз деп берген ўәдесинде тура алмағанлығы, ўәдесиниң қуры сөз болып қалатуғынлығы, атызда мол пахта болыўына қарамастан пахта жыйын-теримине кеўил бөлмей, өзиниң меншик жерлериндеги егинлерге көп итибарын қарататуғынлығы сынға алынады. Мәселен:

Қурылтайға келип едиң,
Уллы залда не деп едиң,
Халық алдындағы ўәдеңде,
Ар-намысқа шерик едиң.

Оспанов иним гүз болды,
Процент деген сөз болды,
Сен жатырсаң қозғалмастан,
Басқалар сексен-жүз болды.

Бул әдетти қоялмадың

Меншигиңди қыялмадың…

Тағы да, қосықта Оспанов Аташтың берген ўәделерин орынламаўы нәтийжесинде ел арасында өз абырайының қалмағанлығы, оның ҳәрекетлерине халықтың қапа болатуғынлығы өткир сатиралық усылда тәрийпленеди.

Ал, Садық шайырдың «Баслық Қурбанбайға» қосығында Қурбанбайдың елимиз байлығы болған пахтаға өз ўақтында қарамайтуғынлығы, пахта атызларын суўғармайтуғынлығы, жабайы шөплерден тазаламай ўазыйпаға салқын қарайтуғынлығы, сол себепли табысының жылдан-жылға төменлеўи шайыр тәрепинен

Жылдан жылға төменледи табысың,
Келмейме Қурбанбай ары-намысың,
Биз көргенде мүшелериң пахтада,
Орып жүрди адам бойы қамысын.

Ўазыйпа жумысқа салқын қараған,
Гей атызлар көринбейди сорадан…

деп сатираға алынған.

Көрип өткенимиздей, Аббаз шайырдың сатирасында өз ўәдесин орынлай алмайтуғын Оспанов Аташ сүўретленсе, Садық шайырдың сатирасында ел алдындағы ўазыйпасын орынламай жүрген баслық Қурбанбайдың кемшиликлери тәрийипленген. Яғный, Оспанов Аташ пенен баслық Қурбанбайдың халық алдындағы бир-бирине жақын болған жағымсыз, ерси ҳәрекетлери шайырлар тәрепинен ҳәр қыйлы усылларда баянланған.

Тағы да, Аббаз шайыр менен Садық шайырдың бир-бирине уқсас жазылған «Турсынбай» ҳәм «Қәдирбай» атамасындағы сатиралық қосықларын алып қарайық. Садық шайырдың «Қәдирбай» қосығында ериншек Қәдирбайдың жағымсыз, ис-қосжақпазлық ҳәрекетлери сатираға алынады. Яғный, Қәдирбайдың жалқаўлыққа берилип, сәскеге дейин ис қылмай жумыс ислеўге ерингенликтен өз мойнына алған пахта атызын отақ басып кеткенлиги, атыздағы пәшек, көк қамыслардың қалың өсип пахтасы менен теңлесип турғанлығы, бул

аўҳалға Қәдирбайдың дослары шыдамай оған жумыстың ислениў жолларын ис жүзинде үйретип, ериншекликтиң зыян екенлигин билдириўи, көрсетилген бул дослық ҳүрметтиң нәтийжесинде Қәдирбайдың қысыныўы, ҳүждан керек екенлигин билиўи, ериншекликти, ис қосжақпаслықты қойып, өз жумысына, ўазыйпасына белсене қатнасыўы, Қәдирбайдың жақсы тәрепке өзгергенлигине досларының қуўаныўы шебер лирикалық қурылыста шайыр тәрепинен баянланады.

Ал, Аббаз шайырдың «Турсынбай» қосығында болса, өз исине жеңил қарайтуғын, мақтаншақ, ериншек, әдепсиз Турсынбай образы сатиралық бағытта ашылады. Яғный, Турсынбайдың жерге пахтасын егип болғаннан кейин пахта тәрбиясына жетерли қарамаўы, өзин билгиш санап, еккен пахтасына мақтаныўы, басқармаға бойсынбаў усаған қолайсыз ҳәрекетлери шайыр тәрепинен сатираға алынған.

Тийкарынан шайырлардың бул қосықлары дерлик бир-бирине уқсас жазылған. Еки қосықта да аўыл-хожылық тараўында ислейтуғын Қәдирбай менен Турсынбайдың елимиз байлығы есапланатуғын пахта тәрбиясына немқурайдылық пенен қарайтуғын ериншеклик, ис қосжақпаслық тәреплери өткир сатиралық усылда баянланған. Бирақ, қосықларды басынан ақырана дейин оқығанымызда, Қәдирбай менен Турсынбайдың образларында өзгешеликлердиң барлығын developers сеземиз. Яғный, Садық шайырдың қосығында әўели жағымсыз, унамсыз образларда сүўретленген Қәдирбайдың өзиниң жағымсыз, ерси қылықларын түсиниўи, досларының алдында қысынып, ойланып өз ўазыйпасына белсене қатнасыўы себепли оның жақсы тәрепке өзгериўи усаған унамлы образы ашылады. Ал, Аббаз шайырдың қосығында болса, Турсынбайдың мақтаншақлық, ериншеклик, өзин басқалардан үстин қойыўшылық усаған ҳәрекетлери шайыр тәрепинен өткир ғәзеплениўшилик пенен жазылыўы тийкарында Турсынбайдың пүткиллей унамсыз образы ашылған. Усындай ел-халық арасындағы қылықлары, ҳәркетлери дерлик бир-бирине уқсас, жақын болған адамларды шайырларымыздың өз лирикаларында ҳәр қыйлы образларда сүўретлеўи, булда шайырлардың лирикалық өзгешеликлеринен бири есапланады.

Улыўма айтқанда, шайырларымыздың бундай бир-бирине уқсас жазылған лирикалық қосықлары көплеп ушырасады. Бирақ, жәмийетте ушырасатуғын парасатсыз, парықсыз,

жағымсыз қылықлы инсанлардың образ ҳәм характерлери, өзлери жасап турған дәўирдеги ҳәдийселер, турмыстағы қыйыншылықлар шайырлардың қосықларында ҳәр қыйлы усылларда сүўретленген. Бундай шайырлардың дөретиўшилигиндеги лирикалық өзгешеликлерди изертлеў әдебияттаныў илими ушын үлкен әҳмийетке ийе, деп есаплаймыз.

## Жуўмақлаў

Садық шайырдың сатиралық шығармаларды дөретиўдеги, айырым жағымсыз, ерси, қолайсыз типтеги инсанлардың қылықларын ашық, айдын айтыў арқалы олардың унамсыз көринистеги образ ҳәм характерлерин сатиралық бағытта ҳәр қыйлы сүўретлеў усылларын қолланыў арқалы көркем анық реал жаратыўдағы дөретиўшилик шеберликлери арнаўла түрде изертленилмей ашық турған баслы мәселелердиң бири еди. Бизиң бул жумысымыз усы мәселениң шешимин табыўға арналған. Бундағы бизиң алға қойған мақсетимиз Садық шайырдың сатираларының еле изертленилмей атырған көп тәреплериниң ең болмаса бирин арнаўлы түрде изертлеп, өз пикирлеримизди жүритип аз да болса бир жаңалық киргизиў. Бул айтылған мақсетимизге ерисиў ушын Садық шайырдың сатиралық шығармаларында қолланылған ҳәр қыйлы көп санлы дөретиўшилик шеберликлериниң баслы-баслыларын илимий көз қарастан дәлийллер менен анықлаўға урындық.

Жумыс кирисиў, жуўмақтан басқа «Садық шайырдың дөретиўшилик шеберликлери», «Садық шайырдың сатиралық шығармаларында көркем сүўретлеў қуралларынан пайдаланыў шеберликлери», «Садық шайырдың сатиралық шығармаларының өзгешеликлери» - деп аталған үш баптан турады.

Биринши бап «Садық шайырдың сатиралық шеберлиги», «Садық шайырдың сатиралық шығармаларында образ ҳәм характерлерди жаратыў шеберлиги», Екинши бап «Садық шайырдың сатиралық шығармаларында көркем метафораларды қолланыў шеберлиги», «Садық шайырдың сатиралық шығармаларында көркем теңеўлерди қолланыў шеберлиги», «Садық шайырдың сатиралық шығармаларында метонимия ҳәм синекдохаларды қолланыў шеберлиги», :шинши бап «Садық ҳәм Бердақ шайырлардың сатиралық өзгешеликлери», «Садық ҳәм Өтеш шайырлардың сатиралық өзгешеликлери», «Садық ҳәм Аббаз шайырлардың сатиралық өзгешеликлери» - деген темашаларға бөлинип жазылды ҳәм ҳәр бир қойылған темашаның мазмунын толық ашыўға ҳәрекет етилди. Яғный, тема менен мазмунының бирлиги толық сақланылды. Ҳәр бир темадан шайырдың ҳәр қыйлы шеберлик усылларын анықлағанымызда өз пикирлеримизди илимий дәлийллер, исенимли мысаллар менен тастыйықлап отырдық.

Илимий жумыста, қарақалпақ әдебиятында сатира ҳәм юмор мәселеси бойынша пикир айтқан илимпазлардың мийнетлеринен утымлы пайдалана отырып, олардың айрықша сатира ҳәм юмор мәселесине байланыслы пикирлерин өз мийнетимизде пайдаланып, оны теориялық бағдардан терең раўажландыра отырып, практикалық түрде үлкен талқыға байланыстырдық. Жумыстың характерли, тийисли жерлеринде булар анық көрсетиледи.

Улыўма жуўмақлап айтқанда, Садық шайырдың сатиралық шығармаларында сүўретленилген ҳәр бир сатиралық ситуацияларға оқыўшыны исендириўдеги, шығармаларда сүўретленген қаҳарманлардың образ ҳәм характерлерин көркем анық реал ашыўдағы көркем сүўретлеў қуралларынан, классик шайырларымыздың дөретпелеринен пайдаланыўдағы шеберликлери ҳәм сатиралық шеберлик мәселелери жумыста терең ҳәм ҳәр тәреплеме анықланылды.